ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№38 (24.164) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2021 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкIынымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ икIи 1994 - 2003 гъэхэм къриубыдэу къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкъуахэр икIи запасым щымыIэхэр 2021 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Къэщтэн мы Указым щIыгъухэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэнымкIэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм еджэнымкIэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ 2021 гъэм и гъатхэм ираджэн хуей цIыхухэм я узыншагъэр къыщапщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэу къалъытахэр щагъэхъуж медицинэ IуэхущIапIэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ я органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ящIыгъуу, 2021 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр ягъэува пIалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм транспортымкIэ и Налшык линейнэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кIуэну цIыхухэр щызэщIагъэуIуэ, республикэм и гъущI гъуэгу станцхэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум ираджахэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр щагъэзэщIэныр къызэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр дзэ къулыкъум зэрыраджэ щIыкIэм пыщIауэ екIуэкI лэжьыгъэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№35-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №35-УГ-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэ къулыкъум еджэнымкIэ и комиссэ нэхъыщхьэм ХЭТХЭР

КIуэкIуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(комиссэм и унафэщIщ)*

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Iэрыпщэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Юнармия» Урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ дзэ-хэкупсэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и штабым и унафэщIыр

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министрыр

Ашэбокъуэ А. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и нэ дохутырыр

Бозий С. Къ. - Налшык къалэ дэт «Къалэ поликлиникэ №1» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр-отоларингологыр

Гындыгъу А. М. - дохутыр-невропатологыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и дохутыр-психиатрыр

Глашев Т. Ж. - Шэрэдж муниципальнэ районым и «ЩIыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр-хирургыр

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр

Жабоевэ В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр психиатр-нарколологыр

Жэмыхъуэ М. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Псантхуэ узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр-психиатрыр

ЗакIуий М. А. - «ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ къэрал зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

Къуэныкъуей Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Медицинэ чэнджэщхэр щрат-узыфэхэр къыщахутэ центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр-невропатологыр

Карданец Л. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и дзэ дохутырыр

Куклин Ю. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и дохутыр-терапевтыр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хиубыдэм и атаманыр

Никулинэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и фельдшерыр

Сэралъп Р. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и дохутыр-хирургыр

Сасыкъ Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «ЩIыфэ-венерологие диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр-дерматовенерологыр

Тап А. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр-отоларингологыр

Таубулатов И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Тхьэзэплъыж ТI. Хь. и цIэр зезыхьэ республикэ стоматологие центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дзэ дохутырыр

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Чеченовэ А. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и дохутыр-дерматовенерологыр

Шахмурзаевэ А. Ж. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Аллергологиемрэ иммунологиемкIэ и центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр-терапевтыр

Шыхъуэбахъуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм *(пенсионерхэм)* я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэр

ШэнтIыкъу А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и унафэщIыр

Ерыпсэу А. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм зэщIэгъэуIуэныгъэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщIыр

ЯфIэунэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и центрым *(дзэ-дохутыр экспертизэмкIэ)* и нэ дохутырыр

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Конституцэм теухуауэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** жиIащ Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэм и IуэхукIэ 2020 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдагъэкIа «Къэрал унафэр зэрызэрагъэкIуэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ» УФ-м и Законым ипкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м унафэ къызэрищтар КъБР-м и Конституцэмрэ республикэм и законхэмрэ халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр зыгъэхьэзырыну лэжьакIуэ гупыр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ.

- Гупым хагъэхьащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ Правительствэмрэ, щIыналъэм и прокуратурэм, Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и щIыналъэ къудамэм, КъБР-м и Конституцэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Жылагъуэ палатэм, КъБР-м цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм и аппаратым, щIэныгъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, - жиIащ Мэлбахъуэ Борис. - Абыхэм яхэтщ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ юристхэр, къэрал, муниципальнэ, жылагъуэ лэжьыгъэм зэфIэкIышхуэ щызиIэ цIыхухэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ законопроектым елэжьыну зэхуэтшэсащ къэрал унафэщIхэм я мызакъуэу, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэхэм Iутхэр, къэпщытакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейт лэжьакIуэ гупым иригъэкIуэкIа зэIущIи 6-м Iуэхугъуэ 70-м щIигъу къызэрыщаIэтар.

КъБР-м и Конституцэм и 137-нэ статьям тету законым и проектыр къыхалъхьащ КъБР-м и Парламентым хэт депутатхэм я бжыгъэм и Iыхьэ щанэм щIигъум.

Мэлбахъуэм зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр 40-м щIегъу. Ахэр хуэгъэзащ щIыналъэ политикэр, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным.

- ЩIыналъэм и Конституцэм и 70-нэ статьям халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ ягъэбелджылы Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэрызэдэлэжьэну унэтIыныгъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къулыкъур зыхуагъэлъагъуэм хуагъэув мардэхэри нэхъ ткIий ящI. Апхуэдэу, КъБР-м и Конституцэм и 79-нэ статьям къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, а къулыкъур зратыну хуитыр Урысей Федерацэм зэпымыууэ щыпсэу цIыхурщ. Къэралым и Конституцэм и 129-нэ статьям халъхьа зэхъуэкIыныгъэм, Урысей Федерацэм и щIыналъэм и прокурор къулыкъум ягъэувыным теухуауэ къэрал IэнатIэхэм емычэнджэщыныр къызыщыгъэлъэгъуам, ипкъ иткIэ республикэм и Конституцэм и 127-нэ статьяр (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр зэрыхах щIыкIэр къыщыхьар) хагъэкIыж.

Апхуэдэуи законопроектым тету Конституцэм хагъэкI хеящIэхэм я статусым, федеральнэ судхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщым ятеухуа положенэхэр, сыту жыпIэмэ а Iуэхухэр зезыгъакIуэр федеральнэ законодательствэращ.

2023 гъэм щIышылэм и 1 пщIондэ УФ-м и щIыналъэхэм я Конституцэ судхэр ягъэкIуэдыжыным теухуауэ къыдагъэкIа Федеральнэ конституцэ законым къызэригъэувым тету КъБР-м и Конституцэ Судым теухуа мардэхэр тхыгъэм хагъэкIыж.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм щIыпIэ унафэр зэрызэрахьэм теухуауэ хэт положенэр зыхуей хуагъэзэж, УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм теухуауэ 2020 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыдагъэкIа УФ-м и Законым тету.

Федеральнэ законодательствэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм тещIыхьауэ республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэр теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ КъБР-м и Парламентымрэ я пщэрылъхэр гъэбелджылыным.

КъищынэмыщIауэ, Урысей Федерацэм и Конституцэм и 95-нэ статьям игъуэта зэхъуэкIыныгъэм ипкъ иткIэ, «УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым хэт» псалъэхэм «Урысей Федерацэм и сенатор» ухуэкIэр ягъуэтащ. Республикэм и законодательствэм тету законопроектыр еджэгъуищкIэ хэплъэну къыхалъхьэнущ, япэ зэIущIэр екIуэкIынущ 2021 гъэм и мэлыжьыхьым. Законопроектыр ягъэхьащ КъБР-м и Iэтащхьэм, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, Правительствэм, Жылагъуэ палатэм, цIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэм деж, апхуэдэуи Iуэхур зи нэIэм щIэтын хуей IэнатIэхэм, КъБР-м и Прокуратурэм, УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр республикэм и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и сайтым итщ, еджэну хуейхэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал яIэщ.

ЗэIущIэм федеральнэ законрэ жэрдэму 30-м щIигъум депутатхэр щытепсэлъыхьащ. Ахэр хуэгъэзат УФ-м Лэжьыгъэм, ЩIым, ПсэупIэм, Псым теухуа и кодексхэм, УФ-м щыпсэухэм я узыншагъэр зэрахъумэм, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэу щыт IуэхущIапIэхэмрэ щIыпIэхэмрэ, щIыуэпс къэпщытэныгъэхэм, рынок Iуэхум халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм.

Апхуэдэуи депутатхэм унафэ ящIащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ республикэм и лэжьакIуэ нэхъ пажэхэр ягъэлъэпIэну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям, «Псэущхьэхэр хъумэнымрэ къэгъэсэбэпынымрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тхылъ плъыжьым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям, «Псэущхьэхэр хъумэнымрэ къэгъэсэбэпынымрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№292-П-П

«Экономикэ классым хиубыдэ псэупIэхэр щащIын, апхуэдэ псэупIэхэр щIыным хуэунэтIауэ комплекснэу къагъэсэбэпын папщIэ пщIэншэу е бэджэнду ята щIыхэм экономикэ классым хиубыдэу щаухуа е щаухуэ псэупIэхэр къащэхуну хуитыныгъэ зиIэ цIыхухэм я спискэхэр зэрызэхалъхьэ хабзэхэм, а спискэхэм цIыхухэр зэрыхатхэ щIыкIэмрэ чэзумрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Экономикэ классым хиубыдэ псэупIэхэр щащIын, апхуэдэ псэупIэхэр щIыным хуэунэтIауэ комплекснэу къагъэсэбэпын папщIэ пщIэншэу е бэджэнду ята щIыхэм экономикэ классым хиубыдэу щаухуа е щаухуэ псэупIэхэр къащэхуну хуитыныгъэ зиIэ цIыхухэм я спискэхэр зэрызэхалъхьэ хабзэхэм, а спискэхэм цIыхухэр зэрыхатхэ щIыкIэмрэ чэзумрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№294-П-П

Езанэ госпиталри зэхуащIыж

СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ ебэнынымкIэ центрыр, узыфэ зэрыцIалэ нэхъ шынагъуэхэм япэщIэтыным хуагъэпса госпиталь №1-р щылэжьар, иджы нэхъапэм зытета мардэм техьэжу и лэжьыгъэм пищэж хъунущ.

МЕДИЦИНЭ IуэхущIапIэм мы махуэхэм дезинфекцэ Iуэхухэр щрагъэкIуэкIынущ, и кIуэцIи, и щIыби тэмэму ягъэкъэбзэжынущ, иужькIэ а лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIа щIыкIэри къапщытэжынущ. Лабораторэм къэпщытэныгъэхэр иригъэкIуэкIынущ сымаджэщым кIуэцI узыфэхэр, COVID-19-р къэзыгъэхьейхэр щыIэрэ щымыIэрэ къахутэу. Апхуэдэ никъусаныгъэхэр щымыIэ нэужь, сымаджэщым и лэжьыгъэр зытеухуахэм, коронавирус зыпкърытхэм нэмыщI, еIэзэн щIадзэжынущ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ узыфэ зэрыцIалэ нэхъ шынагъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ госпиталитI - Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-мрэ Нарткъалэ дэт, щIыналъэхэм зэдай сымаджэщымрэ къыщызэIуахауэ щытахэр. Абыхэм гъуэлъыпIэ 310-рэ щIэтщ. Госпиталхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт сымаджэ 242-м.

А узыфэр нэхъ зыхуэлъэр зи ныбжьыр илъэс 60-м щIигъуахэрщ икIи коронавирусыр абыхэм нэхъ къохьэлъэкI.

COVID-19-м зэрызыщыпхъумэну Iэмал нэхъыфIу къалъытэр вакцинэр зыхегъэлъхьэнырщ. Мастэр цIыхум щызыхригъэIу хъунущ езым нэхъ фIэтынш щIыпIэм. А Iуэхутхьэбзэр зыхуригъэщIэн папщIэ зыщригъэтх хъунущ «Госуслуги» порталым е цIыхур зэпха поликлиникэм и регистратурэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 6, *гъубж*

♦**Зыужьыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхуэлажьэ спортым и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 23-м унафэ къищтащ илъэс къэс а махуэр мэлыжьыхьым и 6-м къэралхэм зэдагъэлъэпIэным теухуауэ.

♦**СтIолыщхьэ теннисым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**248 гъэм** римдэсхэм Iэтауэ ягъэлъэпIауэ щытащ я къалэр илъэс мин зэрырикъур. Тхыдэджхэм къагурыIуэркъым а махуэм икIи а илъэсым ар щIагъэлъэпIар, сыту жыпIэмэ, Урымым и тхыдэм и пэжыпIэр нэсу зыщIэу къалъытэ Варрон Марк зэрыжиIамкIэ, Рим къалэм и лъабжьэр Ромул щигъэтIылъар 753 гъэм и мэлыжьыхьым и 21-рщ.

♦**1896 гъэм** Афинхэм (Алыдж) къыщызэIуахауэ щытащ япэ Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Зэпеуэхэр щекIуэкIащ «Панатинаикос» алыдж стадионым. Япэ джэгухэм хэтащ къэрал 14-м щыщ спортсмен 241-рэ, лIэужьыгъуибгъукIэ зэпеуащ. ЦIыхубзхэр зэхьэзэхуэхэм хагъэхьатэкъым. Япэ Олимп чемпион хъуауэ щытар США-м щыщ, атлетикэ псынщIэм щиIа зэфIэкIхэмкIэ цIэрыIуэ Конноли Джеймс Бренданщ.

♦**1899 гъэм** Москва и уэрамхэм къыдыхьащ электрокъарукIэ лажьэ япэ трамвайр.

♦**1930 гъэм** СССР-м и ЦИК-м и унафэкIэ къащтащ Ленин, Вагъуэ Плъыжь орденхэр. Хэку зауэшхуэм и зэманым цIыху нэхъыбэ дыдэм хуагъэфэща къэрал дамыгъэхэм ящыщщ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

♦Урысей жылагъуэ лэжьакIуэ, тхакIуэ-публицист **Герцен Александр** къызэралъхурэ илъэс 209-рэ ирокъу.

♦Урыс дохутыр цIэрыIуэ, хирург Iэзэ дыдэу къалъытэу щыта, профессор **Склифосовский Николай** къызэралъхурэ илъэси 185-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Меркурьев Василий** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Акмеологие щIэныгъэхэм я академиеу Санкт-Петербург щыIэм и действительнэ член **Бэчыжь Мухьтар** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Любшин Станислав** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цIыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦БзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **АбытIэ Хъызыр** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкIуэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Адыгей тхакIуэ **Гъыш Рахьмэт** къыщалъхуа махуэщ.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 11, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 7, *бэрэжьей*

♦**Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ**. Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэща махуэм (1948 гъэм) хуэзэу ягъэлъапIэ.

♦**Рунетыр - урысыбзэкIэ лажьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиIэр) - къыщызэрагъэпэща махуэщ**. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м лэжьэн щIидзащ абы икIи дунейпсо «хъым» хэтыну хуитыныгъэ зиIэхэм хагъэхьащ.

♦**Руандэм щыщ тутси лъэпкъым кIэлъызэрахьа геноцидым хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**. ЛъэпкъгъэкIуэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ ар. КъуэкIыпIэ Африкэм щыIэ а къэралым и унафэщIхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пIалъэкIэ лэжьэну правительствэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ямылэжьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ ягъэкъуаншэурэ, цIыху мин щитхум къыщыщIэдзауэ зы мелуаным нэс ягъэкIуэдауэ къалъытэ абы щыгъуэ.

♦**1795 гъэм** Франджым къыщащтащ Пщалъэхэм я мардэм теухуа хабзэр.

♦**1827 гъэм** инджылыз фармацевт Уокер Джон ищIащ япэ сенычыр икIи ар и ныбжьэгъу уэчыл Никсон иригъэуэ щытащ.

♦**1934 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ бдзэжьейхэр хъумэным зи лэжьыгъэр хуэгъэпса IуэхущIапIэхэр.

♦Америкэм щыщ къэрал къулыкъущIэ, ЦРУ-м и япэ унафэщIу щыта **Даллес Аллен** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щыта, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, кинокритик, «Кинотавр» фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ **Рудинштейн Марк** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, политик, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэм и Советым и УнафэщI, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Матвиенкэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 22-рэ, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Я выр уэдрэ я хьэр пшэрмэ - унагъуэщ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - накъыгъэм (майм) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр соми 122-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ гъащIэмрэ

КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхугъэмкIэ и министерствэм Педагогикэ IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и центрым иджыблагъэ къыщыдзыгъэгъэщащ семинар гъэщIэгъуэн.

«УРЫСЕЙ Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлхубзэм къаралым и егъэджэныгъэ IэнатIэм щаубыдэ увыпIэр» фIэщыгъэр зиIа а зэлущIэм хэтащ КъБР-м щыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхугъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, абы и къуэдзэ Мысост Екатеринэ, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм анэдэлъхубзэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Тимофеевэ Аннэ, УФ-м Адэ-анэхэм я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и Зэзыгъэулу советым жэуап зыихь и секретарь Гусев Алексей, а советым хэтхэу Галановэ Иринэ, Хачикян Еленэ сымэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, нэгъуэщIхэри. Псори зэгъусэу цIыху 70-м щIигъу кIрихьалIащ зэIущIэм, онлайн щытыкIэкIэ лэжьыгъэм зыкъезыгъэхьэлIахэри къэлпытэмэ. Интернетым и Iэмалкэр къаргъэсэфэну, зэIущIэм кIэлъыплъащ дуи республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэрэ щрагъэгъуэт Iуэхущ Iапl эхэм, курыт еджапIэхэм я Iэщ Iагъэлl эхэри, анэдэлъхубзэр школхэм щезыгъаджэхэри, лъэпкъыкIубзэхэм я Iуэхум ирипIейтей цIыху кузди.

ЗэIуущIэр къыззIуихащ министр Езауэ Анзор. Семинарым зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIа нэужь, Езауэм къызэхуэсахэм яригъэцIыхуащ лэжьыгъэм хэт хьэщIэ IыапIэкэр. Адэкlэ ар кIэщIу къытеувыIащ анэдэлъхубзэкэр джын и лъэныкъуэкIэ ди республикэм щыщыщIэ щытыкIэм, лъэпкъыбзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ хъумэным дапщэщи гулъытэ хэха хуащIыну зэрыхущIыкIыр.

Семинарым жыджэру хэтащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Куэдым гунэс ящыхъуащ абы «Анэдэлъхубзэр лъэпкъ щэнхабзэр, тхыдэр, хабзэр зэрыпхъумэн Iэмалщ» и доклад кунщIафIэр.

- Нобэрей зэхуэсым и утыку кхитхьа Iуэхур ди къаралышхуэм хьихьэ лъэпкъ щIыналъэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Зи цIыху бжьыгэр мащIэ лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр хъумэныр, абы зегъэужьныр дуней псом гулъытэ щызыгъуэт Iуэхущ. Араш Лъэпкъ Зэкъуэтэхэм я зэгухьэныгъэм дызэрыт илъэсипщIыр анэдэлъхубзэхэр хъумэным и лъэхъэнэу щIидзыхуэри, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Ди республикэр, куэд зэрыщыгъуаззэщи, лъэпкъ куэд щыпсэу щIыналъщ. Ди деж ущрихьлIэнущ абхъаз-адыгэ, тырку, романо-германскэ, дагъыстэн, ермэлы бзэ гупхэм зи псэлъэкIэр къитIасэ цIыхухэм. Бзэр хъумэныр, абы зегъэужьныр, шэч хэмылъу, я къалэнщIлъэпкъым щыщу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми. А Iуэхуэм жэуапныныгъэ ин зыхащIэу щолажь щIэныгъэ-къэхутакIуэ, гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ IэнатIэхэм. Мыхьэнэшхуэ абы ират лъэпкъ жылагъуэ зэгурыкIуэныгъэхэм. Абыхэм ящыщщ дунейпсо Адыгэ Хасэр. Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар къытщIэхъуэ щIэблэхэм екIуу яIурылъным гулъытэшхуэ хуэтщIу, дэ дадолажьэ абы Iуэху хузиIэ министерствэхэм, фонд зэмылIэужьныгъуэхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм.

Зи пашэ ДАХ-м бзэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI Iуэхугъуэхэм щэщIауэ тепсэлъыхьащ Сэхъурокъуэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм я щапхъэу тхьэмадэм хихьащ иджыблагъэ, гъатхэпэм и 14-м, адыгэ псоми зэдэдгъэльэпIа Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьалIэу, екIуэкIа Iуэху щхьэпэр. Ди лъэпкъгъуэхэр куэду щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ мы гъэм илъэс ещанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ диктант. Лъэпкъым и цIыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи гурыщIэм щызыгъафIэ хэкупсэкэр къызэщIззэуфыбыдэ а Iуэхур къыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэмкIэ и къудамэм. Диктантым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр адэкIи егъэфIэкIуэныр, щэнхабзэр хъумэныр. ДАХ-м нэхъапIэ гъэкIэ къыхилъхьауэ йокIуэкI «Анэдэлъхубзэр хъума хъунымкIэ си Iуэху еплъыкIэр» сочиненэ зэпеуэр. А Iуэхумкlэ цIыхухэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, яIэ еплъыкIэр къыripидIэну ари хэкIепIэщ. Сэхъурокъуэм зэрыжиIамкIэ, а лэжьыгъэхэр щагъэзащIэр ди республикэм и закъуэкъым, атIэ абыхэм жьыджэру хэтщ Адыгеймэ, Краснодар, Ставрополь крайхэм щыпсэу адыгэхэр, ди лъэпкъгъуэхэр куэду здэщыIэ Тыркум, Иорданием, Мысырым, Сирием, Европэм и къэралхэм.

- Анэдэлъхубзэр хъумэныныкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэх-щIэхыурэ Налшык щыззэхтшэ щIэныгъэ-практикэ конференцэм. Иужьрейуэ къызэдгъэпэща «Адыгэбзэр (шэрджэсыбзэр) хъумэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр» дунейпсо зэхуэсым кърихьэлIат цIыху 200-м нэс. Абы дыщытепсэлъыхьащ бзэр хъумэныныкIэ, абы зегъэужьныныкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ хэкIепIэхэмрэ, - кIыхигъащIащ и псалъэм Сэхъурокъуэм. - Апхуэдэу адыгэбзэм и пщIэр зэрыIэтыжьныныкIэ, хуащI гулъытэм хэгъэхъуэныныкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм. Лъэпкъым и тхыдэм, и Iуэрыlуатэм, и литературэм, и бзэм, и хабзэм щIблэр дегъэхьэхьныныкIэ лэжьыгъэшхуэ щызэфIокI абы. Анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж Iэмалхэр егъэфIэкIуэныныкIэ, и бзэр дихьэхыу сабийм егъэджьныныкIэ, лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ къуленгъым щIэблэр ешэлIэныныкIэ, и хабзэр, тхыдэр фIэгъэщIагъуэну иджыным хуэшэныныкIэ зэпеуэм иIэ мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, хабзэ хъуауэ екIуэкI «Анэдэлъхубзэ - лъэпкъым и псэ», «Бзэм и гъащIэр лъэпкъми и гъащIэщ» зэIущIэхэр, «Ди адэжьхэм я бзэр ирепсэу», зэпеуэр, «Бзэр тхыдэмэ, лъэпкъри хъума хуащIу» «СIол хъурей» зэхуэсхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ узыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэми. Абыхэм я нэхъыщхьэхэм халъытэ лъэпкъыбзэхэмрэ литературэхэмрэ, щэнхабзэхэм дамыжьхэк куэд щIэблэм зэрагъэтэр. Лъэпкъ мащIэхэр зыгъэгумэщI апхуэдэ Iуэхугъуэхэм къэрал унафэ имыIэмэ, анэдэлъхубзэхэм ящыщ гуэрхэр, абы къыкIэлъыкIуэ ахэр зыIуплъа лъэпкъхэри кIуэдыжьныкIэ хъунущ.

Лъэпкъыбзэхэр хъума зэрыхъуну щыкIэхэм тепсэлъыхьу, сымаджэм и утыку Iуэху еплъыкIэхэр наIуэ я Iуэху еплъыкIэхэр къыщащIащ Мысост Екатеринэ, Тимофеевэ Аннэ, Галановэ Иринэ, Хачикян Еленэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Зытепсэлъыхьа IуэхугъуэхэмкIэ чэнджэщхэри къыщащтащ зэIущIэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ТхьэкIумашэ Михаил Хьэмид и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 94-м иту 2021 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м дунейм ехьжащ скульптор цIэрыIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, КъБАССР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт ТхьэкIумашэ Михаил Хьэмид и къуэр.

ТХЬЭКIУМАШЭ М. Хь. Тэрч щIыналъэм хихьэ Борукъуей къуажэм 1927 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м къыщалъхуащ. Ростов къалэм дэт, Греков М. Б. и цIэр зезыхь художественнэ училищэм скульптorэр IэщIагъэм щыхурагъаджэ и къудамэр 1953 гъэм къиуха нэужь абы лэжьэн щыщIидзащ КъБАССР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и Художественнэ мастерскоим. 1957 гъэм къыщыщIэдзауэ 1985 гъэ пщIондэ ар щытащ КъБАССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIу.

ТхьэкIумашэ М. Хь. ящыщщ сурэтыщI гъуэзджэм лъэпкъ дамыгъэхэр япэу хэзылъха, абы и лъабжьэхэр зыгъэтIылъа художникхэм, абы и творчествэм хэлъщIыкIыу щIидамыгъэ IпапIэхэр, нагъыщ зэмылIужьхьыгъуэхэр къыхуагъэфэщащ. Абы къратащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, медалхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIиз фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумымрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я ЩIыхь тхылъхэр. Абы къыфIащащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я щIыхьыщIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтри къыхуагъэфэщащ.

ТхьэкIумашэ Михаил Хьэмид и къуэм, цIыху гуапэу, зэчиифIэу дунейм тетам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжым, и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Къуэдзокъуэ М. М., Мэкъуауэ Т. Э., Аттаев Ж. Ж., Ахъуэхъу Т. Б., Быкъыш Р. Хь., Берд Хь. А., Беппаев С. У., Геляхов А. С., Говоров С. А., Губин Г. С., Дадэ М. А., Дзэмыхъ Къ. ФI., Жанатаев С. А., Зумакулов Б. М., Канунников А. Д., Кьардэн М. Н., Кьэрмокъуэ Хь. М., Кьуныкъ М. А., Кьумахуэ М. Л., Нэхущ З. А., Пэнагуэ М. А., Рахаев А. И., Сэхъу В. Къ., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тату К. Б., Темыркъан Г. Ж., Уянаевэ А. М., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б., ХьэфIыцIэ М. М., Хъубий М. Б.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхугъэмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сурэтыщlхэм, Тхакlуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм я лэжьакIуэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэм гущIыхьэ ящыхъуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и художник, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТхьэкIумашэ Михаил Хьэмид и къуэр** дунейм зэрехьжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъазэ.

«Согугъэ иджыри Барэсбий къэпсэлъэну...»

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унэм «Мамырщlэкъу» зыфIаща зэIущIэр иджыблагъэ щызэхэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокъуэ Барэсбий (1947 - 2020) и фэеплъыр гьэлъэпIэнным теухуа пшыхьыр щыызэхашам щхьэусыгъуэ иIэт: Абхъаз къэралыгъуэм и дамыгъэ нэхъыщхьэм, «Ахьдз Апша» («Напэмрэ ЩIыхьымрэ») орденым, и етIуанэ нагъыщIэр, щIэныгъэлIым и унагъуэм Iэрыгъэхьэжьныр. Зи цIэ къитIуа дамыгъэр зыхуагъэфащэр щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм хуащIа хэлъхьэныгъэмкlэ Хэкумрэ лъэпкъымрэ я пщIэмрэ щIыхьымрэ езыгъэIэтахэрщ. Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и гъащIэри и лэжьыгъэри зыхуэунэтIауэ щытар аращ - щIэныгъэм и Iэмалхэмрэ гъуэгухэмкIэ адыгэ-абазэ лъэпкъхэр зэпыщIэныр, я зэхуаку дэлъын хуей зэш лъэмыжьыр гъэбдзэныр.

ЗэIущIэм къеблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Ащхъуэт Ритэ**, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхъ Къасболэт**, «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэ» IуэхущIапIэм и унафэщI **Котляров Виктор**, Урысей Федерацэм гъуэзджэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, макъамэтх **ХьэIупэ Джэбрэил**, Кавказ Ищхъэрэм управленэмкlэ и академием и унафэщI, философие щIэныгъэхэм я доктор **Хъурей Феликс**, «Абхъаз» щэнхабзэ центрым и унафэщI **ГъуащIепщэ-Кацбэ Ингэ**, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIыхэр, ныбжьыгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, Iыхьлыхэр.

Абхъаз къэралыгъуэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъу Аджиниджал Рисмаг дунейм ехьжа щIэныгъэлIым хуагъэфэща дамыгъэмрэ щыхьэт тхылъымрэ иритыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр и щIыхьэ сурэтыщI, Европэм гъуэзджэмкlэ и Академием и академик Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. Абхъазым и Iэтащхьэм и щыгъуэ тхылъым къеджа нэужь, Аджиниджал Рисмаг къыхигъэщащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий хэдэ щIэныгъэлIхэм я фIыгъэкIэ лъэпкъым я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр зэрымыужьхыр, атIэ ефIакIуэу, зиужьу зэрыщытыр. «Си фIэщ хъуркъым Барэсбий Абхъазым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм зыщимыгъэгъуазэу, дэтхэнэ хъугъэщIагъэ ми зэрырипIейтейр къыхимыгъэщу щIагъуэ дихуэ. Ди деж Хэку зауэр къыщыщIхьеями, Барэсбий и дуней тетыкIэм епцIыжакIым - мафIэм зэщIищта щIыналъэм япэу кьихьа ди къэушхэм яхэтащ. Бгъэжьнокъуэм гу кIуэцIыпIащ, и къеуэкIэр зэхъуныжьхэм Iэмал имыIэу, щIэныгъэ иIащ, къэхутэныгъэщIэхэм я теIуцIыкIыпIэ хъууэ, цIыхугъэ иIащ, малъхъэдисым хуэзгъуэ узыщIишэу. МащIэ зи куэда, адыгэ-абазэ Iуэхуэхэм хэту Абхъазым щыпсэухэм ар зэрыщымыщIэжьыр гущIыхьэ зыщымыхьхьуа къытхэткъым. Нобэ Барэсбий и унагъуэм Iэрыдпщэ-Кацбэ Ингэ, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIыхэр, ныбжьыгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, Iыхьлыхэр.

Абхъаз къэралыгъуэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъу Аджиниджал Рисмаг дунейм ехьжа щIэныгъэлIым хуагъэфэща дамыгъэмрэ щыхьэт тхылъымрэ иритыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр и щIыхьэ сурэтыщI, Европэм гъуэзджэмкlэ и Академием и академик Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. Абхъазым и Iэтащхьэм и щыгъуэ тхылъым къеджа нэужь, Аджиниджал Рисмаг къыхигъэщащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий хэдэ щIэныгъэлIхэм я фIыгъэкIэ лъэпкъым я зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр зэрымыужьхыр, атIэ ефIакIуэу, зиужьу зэрыщытыр. «Си фIэщ хъуркъым Барэсбий Абхъазым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм зыщимыгъэгъуазэу, дэтхэнэ хъугъэщIагъэ ми зэрырипIейтейр къыхимыгъэщу щIагъуэ дихуэ. Ди деж Хэку зауэр къыщыщIхьеями, Барэсбий и дуней тетыкIэм епцIыжакIым - мафIэм зэщIищта щIыналъэм япэу кьихьа ди къэушхэм яхэтащ. Бгъэжьнокъуэм гу кIуэцIыпIащ, и къеуэкIэр зэхъуныжьхэм Iэмал имыIэу, щIэныгъэ иIащ, къэхутэныгъэщIэхэм я теIуцIыкIыпIэ хъууэ, цIыхугъэ иIащ, малъхъэдисым хуэзгъуэ узыщIишэу. МащIэ зи куэда, адыгэ-абазэ Iуэхуэхэм хэту Абхъазым щыпсэухэм ар зэрыщымыщIэжьыр гущIыхьэ зыщымыхьхьуа къытхэткъым. Нобэ Барэсбий и унагъуэм Iэрыдпщэ-Кацбэ Ингэ, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIыхэр, ныбжьыгъуэхэр, лэжьэгъуэхэр, Iыхьлыхэр.

Дунейм ехьжа и къуэшым абхъазхэм къыхуащIа гулъытэм фIыщIэ хищIу Бгъэжьнокъуэ Заурбэч псалъапIэр щыубыдыр, щIэныгъэм хуэнэхъуеинщэу, ар сыт щыгъуи къыпIыхъуэу зэрыщытар къыхигъэщащ. «И гущIэ псор адыгэ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ хэпъ щэхуэхэр къыщIэгъэжьауэ иритами, къызэрыгуэкIыу лъэпкъым мыр дэслъэгъуащи, къежьапIэри ухыпIэри аращ жиIэу щхьэрыпуIыпу утыку кхрихьэртэкъым. А къигъуэтам къежьапIэ хуэхъуам нэсыну хущIэкъурт, ар къытщIэхъуэтыфыну къилъытэри унэкъуэщ лъэпкъхэм я дежI. Iэджэ гураци иIащ Барэсбий, куэдым зрипщытырт. Кьехъуплар мымащIэми, зыхунэмысу къэнар си жагъуэщ. Монографие зыбжанэ щылъщ, тридзэным хуэмыпIащIэу, загъуэрэ хуеплъэкIыжрэ зыгуэрхэр хилъхьэжу, зыгуэрхэр зэригъэзэхуэжурэ къекIуэкIауэ. Согугъэ Барэсбий иджыри къэпсэлъэну. Абы и пщIэмрэ и фэеплъымрэ зыхъумэ дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI. Нэхъыбэрэ дызэхуэбгъэс адыгэхэмрэ абазэхэмрэ, хурехъу абы гуфIэгъуэри и щхьэусыгъуэ», - жиIащ Заурбэч, и гур кьызэфIэнауэ.

Абхъазым къикIа лIыкIуэ гупым я пашэм жиIар диIыгъуу Дзэмыхъ Къасболэт щIыщыпсалъэм, Бгъэжьнокъуэм и щIэиныр лъэпкъ щIэныгъэми щыщ зы Iыхьэу, адыгэ щэнхабзэм и дыщэ фонду зэрыщыгъыр къыхигъэщащ. «Бгъэжьнокъуэ Барэсбий щылэжьа, щыпсэуа щIыпIэм къызэрыщалъытэ пщалъэм уеэзгъыну щытми, жьIэн хуейщ абы и щIэм дунейпсо мыхьэнэ зэриIэри. Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и Академием ар езым и цIыхуу къалъытэу щытащ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм япыщIауэ, я Iуэхущ Iэгъуу дунейм тетащ. Дэнэ мыкIуэми, и лэжьыгъэм епха Iуэрыпуатэ е лъэпкъ щIэныгъэ гуэр кIримыхьэлIэу ар зэи и лэжьапIэ IэнатIэм къекIуэлIэжакъым. Мэздэгу адыгэхэм я деж къыщIэгъжьауэ Шапсыгъым щыщIэкIыжу цIыхугъэрэ хэгъэрейрэ щимыIэ щыIэтэкъым. ЖьIпIэнурацци, зыхэтыр игуми и псэми Iэпих лэжьыгъэти, абы дапщэщи хэзнэхъуеинщащ. ИпэжьпIэкIэ, ар нобэ къызэрытхэмытыжьыр хэщIыныгъэшхуэщ», - жиIащ Дзэмыхъым.

«Абхъаз» щэнхабзэ центрым и унафэщI Гъуащапщэ-Кацбэ Ингэ къыщыпсалъэм зэIущIэм адыгэхэмрэ абазэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр иджыри зы лъагапIэ дишыну зэрыщыгугъыр жиIащ. «ИгъащIэми ди лъэпкъхэм гулъэяри гуфIэгъэри здагъэушу кьоГъэгурыкIуэ. Ди зэхуакум хьэлэ къыдзэзыкIэну хущIэкъуэхэм даззрыпэщIэуэзфэныр щIэныгъэщи. БгъэжьнокIуэм мыубзэщхъуу игъэIурыщIа а Iэмалыр зыIэщIдгъэкI хьунукъым. ЩIэныгъэлIым и гуащIэр пшынальэ папщIэщ, дызэрызэхущытын хуей псори кьыщIоIукI, дыщIэдэIун хуейуэ ара къудейщ. И Iэдакъэщ Iэ датхэнэри ди адэжьхэм я гъэрэдым и ежьущи, дэри кьэдвгъэпхъуатэ ар», - кьыхуриджащ къызэхуэсахэр Гъущапщэм.

ЗэIущIэм кърихьэлIаэхэм Барэсбий хужьаIну псалъэ дахэри гукъэкIыжхэри я куэдт. Дэтхэнэми щIэныгъэлIым къызэринэкIа щIэиным и хьэкъыр иритырт, жьалгъуэ лэжьыгъэу иригъэкIуэкIами хуэфащэ пщIэ хуищIырт. Бгъэжьнокъуэм и фэеплъыр зэманым фагъуэ зэрыщIэмыхьхьукIынур, и Iэдакъэщ Iэкlхэм я мыхьэнэр зэрызэщIэмыкIынур дэтхэнэ псалъэми апхуэдизкIэ кьыхэщыртри, плъэмыкIыу цIыхур уахъэтынщэ зыщI щхьэусыгъуэхэм зэрыщаIэрт.

ЗэIущIэм и кIэм Бгъэжьнокъуэ Барэсбий къыщыпсалъэ видеотеплъэгъуэхэм хьэщIэхэр ирагъэплъащ.

ШУРДЫМ Динэ.

• Зэ Iущ Iэ

• Республикэм и къуажэхэм

Нартан и уэрамым асфальтыщIэ тралъхьэ

«Кавказ» автомобиль гъуэгушхуэм щыщ Iыхьэу Нартан къуажэм хуэзэр зэрагъэпэщыжьа «ФIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгу шынагъэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу.

А ГъУЭГУМ километри 7,2-рэ и кIыхьагъщ. Абы Зэхъуэхъуэм и щIэр зезыкъэ уэрамым дэж къыщыщIедзэри, Лениным, ХьэтIохъэщокъуэм я щIэхэр зезыхьэ, ШэрджэкI, Кушбокъуэхэм, Къльшбийм я уэрамхэм щколатI, Ахъмэд Iэмалкэр, Къльшбийм я уэрамхэм щколIрокI. Абы хеубыдэ щколитI, физкультурэ-узынщагъэр щызэфIагъэувэжь комплекс, ПащIэ Бэчмырзэ и унэ-музейр, къуажэм и мэжджыдтыр.

Мы зэманым ухуэныгъэр езыгъэкIуэкI организацэм гъуэгум и щхьэфэр трегъэкъэбзыкI. Абы иужькIэ асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу трагъэжьихьынущ, зэхэкIыIпIэхэр яубзыхунущ, гъуэгу гъунэхэр зыхуей хуагъэзэнущ.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэ псори дызэрыт илъэсыи и ещанэ мазищым къриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

ДЖАТЭ Къантемыр.

• КъБР-р илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу



Адыгэлl нэс, лъэпкъым и цIыху пажэхэм ящыщщ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, Урысей Федерацэм, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щIыхь зиIэ я дохутыр цIэхэр зыхуагъэфэща, Медицинэмкlэ Евразие Академиемрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ хэта профессор Лий Адэлджэрий Iэмырбий и къуэр. ЩIыцIэрыIуэри ди республикэм и закъуэтэкъым, атIэ къэралми, дунейм и щIыпIэ куэдми пщIэ хъыщIыхъащIыр и зэфIэкI къызэрымыкIуэм папщIэ.

Нартанэ дэт «Луч» санаторэм и дохутыр нэхъыщхьэу лэжьа Лийрщ вертеброневрологие Iэзэкlэм и ефIэкIныныгъэхэр япэу наIуэ къызэщIар. Къупщхьэ уз зиIэу ар зэIэзэхэм, зи гуныкъуэгуэр зыщхьэщихахэм я бжьыгэр къэлъытэгъуафIэкъым. ЦIыхум гущIэгъу хуэщIныныр, и узыр щхьэщыхьныр зи гъащIэ гъуэзэу псэуа Лийм хуэфащэу зэрихьэрт щIэ лъапIэхэр, Абыхэм ящыщт КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм я цIыхубэ дохутыр цIэ лъапIэхэр.

Зэгъусэу йолэжь

• Налшык

Налшык и «Горзеленхоз»-м гъатхэ лэжьыгъэхэр кьрехьэлIэ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫР икIыу накъыгъэм и япэ тхьэмахуэм хьихьэу къалащхьэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм, къулыкъущIапIэ бжэIупэхэм, лъэс зекIуапIэхэм нэхъыбэу щыфIагъунур епрэхэрщ. Ахэр щIыIэм зэрыпэлъэщым къыхэкIыу гъатхэпэм хасэ. Мы зэманым я къызэщIэрыуэгъуэу дахащэщ.

Лениным и проспектым, Осетинскэ, Кlыщокъуэм и уэрамхэм нэхъапэм щытлъагъуу щыта щIымахуэ «виола» шакъафэхэмрэ гъуэжьхэмрэ мы гъэм къахэуващ зи къэпщIийхэр зэмыфэгъу епэр цIыкIухэр. Накъыгъэм Налшык и удз гъэкIыпIэ ин куэдым къыщыгъэгъэнущ тюльпан зэмыфэгъуэр.

Щыхьэрым и теплъэр гъэдэхэным, ди гуапэ зэрыхъунщи, жьыджэру къыхьыхьэ къалэдэсхэм я бжьыгъэм къыхохъуэ. Ар щынэрылъагъущ Чайковскэм, ПащIэм, Горькэм я уэрамхэм тет унэ зэтетхэм я бжьIупэхэм. ГъэщIэгъуэну а щIыпIэхэм щыхьума хъуа кIарц, щиху, мэжджыт жьигъэм я лъабжьэхэр щIагъэкъэбзыкIри, ландыщэхэр, мэз лъапэ удзхэр щыхасащ, иджырей «декор» гъэпсыкIэр блэкIам и хуабагъэм дахащэу хагъэзагъэу. Уэрам цIыхьэ къэс апхуэдэу щыфIалъгъунущ псом япэу къэгъэгъа гъатхэпэ удзхэр, адэжьнэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

БзэщIэныгъэм зэи къыщымыхъуар, щыжамыIар утыку къизыхьа ШэкIыхьэщIэ Марие

● Фэеплъ

Адыгэ цIыхум къихьыфыну щIэныгъэм и кууагъыр лъэпкъ куэдым я фIэщ ищIыфащ абы. Нэрылъагъу ищIащ зэфIэуваувэ, щыз хъуауэ къалъытэ щIэныгъэ унэтIыныгъэм зэи зыми игу къэмыкIа, щымыIа адыгэ цIыхум зэрыхилъхьэфынур, зы лIэщIыгъуэ и щIэныгъэлIхэм яхуэщIэнум хуэдиз и закъуэ хузэфIэкIри. Зы къэхутэныгъэм адрейр къригъэтэджыкIыурэ, бзэщIэныгъэм зэи къыщымыхъуа, щыжамыIа, зытемытхыхьа утыку къищIащ. Ар егъэджакIуэу, Iуэху къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу, щIэныгъэрылажьэу щыта, сытым щыгъуи ипэкIэ плъа Шэджыхьэщ1э Мариещ.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Марие Шамиль и пхъур 1932 гъэм Аруан щIыналъэм хыхьэ Шэрэдж Ищхъэрэм къыщалъхуащ. И адэр муслъымэн диныр фIыуэ зылъэгъуа, гурэ псэкIэ Тхьэм хуэлажьэ цIыхути, «кулак» цIэр фIащри, унагъуэр хэкум ирагъэкIат. Узбекистаным къыщыхута адыгэ унагъуэм я пхъуиплIрэ зы къуэмрэ абы щыщIалъхьэжащ. Быным ящыщу Марие закъуэ я гъусэу адэ-анэр хэкум къыщихьэжар 1947 гъэращ, унагъуэр лажьэншэу зэхэзехуэн зэращIамкIэ къэралым зыщиумысыжар 1994 гъэрщ. ЦIыхупсэр зыпэмылъэщыным хуэдизт абы сабийуэ и нэгу щIэкIа гуауэр, ауэ и адэ Iущым зыщIигъэдэIуам тетащ: зигъэшакъым, и псэр игъэкIуэдакъым, гъащIэм увыпIэ нэс щиубыдащ. Марие хуэдэткъым ехъулIэныгъэмрэ насыпымрэ я уасэр зымыщIэр. Гугъуехьым пэщIэт защIэу, ар къызэринэкI зэпыту псэун хуейуэ къигъэщIами ярейт. Пхъашэу, дыджу екIуэкIа лъэхъэнэм зи сабиигъуэр ирихьэлIэу Iейуэ хэлъам и жьы бзаджэр зыщIихуа Марие и балигъыгъуэри тыншакъым.

Шэджыхьэщ1эр щIэныгъэ лъагэм хэзышэну лъагъуэм щIэдзапIэ хуэхъуар Псынабэ классибл къыщаухыу дэта еджапIэращ. Абы иужькIэ Налшык педучилищэм щыщIэтIысхьащ, илъэсиплIым къиджын хуейр илъэсищым кърригъэтIасэри, 1951 гъэм и къуажэм къигъэзэжащ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьэну. Зы илъэскIэ лэжьауэ, щIэныгъэм гу хуэзыщIа хъыджэбзыр пединститутым, иджырей КъБКъУ-м, щIэтIысхьащ, къиуха нэужь, хабзэр арати, и арэзыныгъи къыщIэмыупщIэу, егъэджакIуэ хуэныкъуэ Къэхъун къуажэм ягъэкIуащ урысыбзэмрэ литературэмкIэ 5 - 10-нэ классхэр ириджэну. Илъэсищкlэ а IэнатIэм пэрытауэ, 1959 гъэм Старэ Шэрэдж къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщI ящIащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым аспирантурэм щIэтIысхьащ икIи 1963 гъэм кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. Егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэу Налшык дэта институтым и урысыбзэ къудамэм методисту щылэжьащ, педучилищэм егъэджакlуэу щыIащ, КъБКъУ-м егъэджакIуэ нэхъыжьу уври, доцент хъуащ, 1979 гъэм Мэзкуу доктор диссертацэр щыпхигъэкIа нэужь, профессор хъуащ, урысыбзэр хамэ къэралыбзэу щадж къудамэм и унафэщI ящIащ.

Урысыбзэр зимыанэдэлъхубзэхэм щIэныгъэ ирептыну абы зэхилъхьащ зэи щымыIа щIэныпхъэ. Илъэс пщIы бжыгъэхэр тригъэкIуэдащ ар къипщытэным, нэгъэса ищIыным, и бгъэдыхьэкIэщIэр зэрылажьэмрэ абы еджакIуэхэм ярит зыужьыныгъэмрэ игъэлъэгъуэным. Шэджыхьэщ1эм и къэхутэныгъэм фIищащ «Псалъэ къэхъукIэм и Инвариант». Ар яджащ Совет Союзым и ЩIэныгъэ академием щылажьэ щIэныгъэлIхэм, Педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ академием, РСФСР-м ЦIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и Iэ IуэхущIапIэм. Марие къихутар щхьэпэу, адэкIи зегъэужьын хуейуэ къалъытэри, КъБКъУ-м лабораторэ къыщызэIуахащ, илъэс дэкIри, ар ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институт хъуащ, унафэщIу щытыну езы Шэджыхьэщ1эм къыхуагъэфэщащ. А институтыр щыIэхукIэ лэжьыгъэр зэпыуакъым. Зы тхылъкъым Шэджыхьэщ1эм къыдигъэкIар, и къэхутэныгъэр щызэпкърихыу, и къэгъэсэбэпыкIэ хъунур къыщигъэлъагъуэу. 5-нэ, 6-нэ, 7-нэ классхэр зэреджэн «Русское слово» тхылъхэр, «Содержание и приемы обучения русскому словообразованию: выход в лексику, грамматику и орфографию» монографиер, Мэзкуу щIэныгъэлIхэм «мыр налкъутщ» къыщIыжраIа «Модели и схемы словообразовательных типов русского языка», «Формула «Инвариант СТ»: усвоение русской орфографии без правил», «Инвариант словообразовательного типа - формула построения слов: его прошлое и будущее» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Итхауэ хъуам я купщIэр къыхэкъуэзыкIауэ щызэригъэуIужащ «Формула «Инвариант СТ» - основа комплексно-процессуального метода изучения языков (на примере русского)» монографием.

Том 15 хъу хьэрып псалъалъэм псалъэу итыр я купщIэ нэхъыщхьэхэмкIэ лъэпкъыгъуэ щхьэхуэурэ зэхэгъэкIауэ «Модели и схемы высокопродуктивных и продуктивных словообразовательных типов арабского языка» тхылъыр къыдагъэкIащ Дыгъужь ФуIэд и гъусэу. ЗэкIэлъхьэужьурэ журнал къыдигъэкIырт щIэныпхъэм и зыужьыкIэр къыщигъэлъагъуэу, егъэджакIуэхэм ар къызэрагъэIурыщIэм и щапхъэхэр иту, урысыбзэм, адыгэбзэм, балъкъэрыбзэм, инджылызыбзэм, тыркубзэм къызэрыщысэбэпынур щызэпкърыха тхыгъэхэр иту. Етхуанэ классым я «Русское слово» тхылъым егъэджакIуэхэр тыншу ирилэжьэным папщIэ, Жэмыхъуэ Марьянэ иригъэтхат «Методическэ дэIэпыкъуэгъу» тхылъ бэлыхь.

Марие къызэрыгурыIуэрати, Тхьэр щымысхьу къызэротамкIэ цIыхум уадэгуэшэжынырат насыпыр. Тхьэр къетат щIэныгъэкIи, абыкIэ нэхъыбэм зэрахуэупсэнщ зыхущIэкъуар.

Структурнэ щIэныпхъэр егъэджакIуэхэм къызэралъытар

Шэджыхьэщ1эм и щIэныпхъэр зэфIэувэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ хъуащ Аруан еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Щоджэн Галинэ Андермыкъан и пхъур. Галинэ къехъулIэр щалъагъум, еджапIэм бзэмкIэ егъэджакIуэу дэтыр къыбгъуурыувати, я цIэр зэлъащIысауэ, Iуэхум зыщагъэгъуэзэну хьэщIэхэр дэнэ щIыпIи къахуикIырт.

Щоджэн Галинэщ Марие къуэувэу щIэныпхъэм и зегъэкIуэкIэнум, урокым щызэхэбухуанэ хъуну Iыхьэхэр зэхэлъхьазэщIэлъхьа зэрыхъунум кIэлъызыгъэплъар. Езым урокыр иригъэкIуэкIырт, Марие егъэджакIуэмрэ еджакIуэхэмрэ яку щекIуэкIыу хъуам гу лъитэу я щIыбагъым къыдэсти, хэлъхьапхъэмрэ хэхыпхъэмрэ къилъагъурт, урок нэужьым зэгъусэу тепсэлъыхьыжырт, чэнджэщхэр зэIэпахырт. Галинэ игу къегъэкIыж сабийхэр жыджэру зэрылажьэр, гупсысэкIэ ящIэу, я Iэпэм итхыр уэрсэру жьэкIэ жаIэжу, зыгуэр къащыгурымыIуэм упщIэр гъэхуауэ къагъэуву щилъагъум, Марие гуфIэм зэщIищтэу зэрыщытар. А цIыкIухэм ядилъагъурат ар нэхъри и Iуэхум тезыгъэгушхуэр, и гуащIэр зыгъэбагъуэр. Ар урокым щIэс къудейтэкъым, еджакIуэхэм епсэлъылIэрт, зыхуей упщIэхэр яритырт, къратыж жэуапым елъытауэ, зэтриублэ Iуэхум нэхъри кууэ пхыплъырт. Зэгуэрым мыпхуэди къэхъуат. Хабзэ зэрыхуэхъуауэ, Шэджыхьэщ1эр Аруан еджапIэм къакIуэри, урокым щIыхьащ, ауэ, махуэ къэси хуэдэу, икIэмкIэ кIуэуэ кIэлъыплъакIуэу тIысакъым. Къызэрыщlыхьэу Галинэ къыжриIащ урокыр езым иригъэкIуэкIыну зэрыхуейр. Абы и доктор лэжьыгъэр щыпхигъэкIыну пIалъэр къэсыпати, зы упщIэ къыкъуэкIат, и жэуапыр къипщытэн хуейуэ. Зыхуейр зыщIэжыр езырати, сабийм я пащхьэм иуващ ахэр дэIэпыкъуэгъу ищIыну, зыхуейм хуешалIэмэ еплъыну.

Мис апхуэдэт а цIыху хьэлэмэтыр: нэгъэсауэ пэж фIэкIа утыку ищIынутэкъым, ар къигъуэтыным папщIэ езыри зыщысхьыжыртэкъым, къегъэзахэри нэгъуэщIыну хуит ищIыртэкъым. А зы цIыхум ныбз куэд иIащ: егъэджакIуэт, щIэныгъэрылажьэт, теоретикт, къэхутакIуэт, динырылажьэт. Ар зэрыеджагъэшхуэм дэщIыгъуу икIи лэжьакIуэшхуэт, пэжырылъыхъуэт, захуагъэм хущIэкъурт. Лъыхъуэн, къехъулIам къыщызэтемыувыIэн, езым къищIар нэхъыбэм яригъэщIэжын - арат и гур зыхуэпабгъэр, и щыIэкIэр, и дуней тетыкIэр. Езым щIэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр япкъригъыхьэрт къыдэлажьэхэми зыдэлажьэхэми. Япкърымыхьэнумэ, IуигъэкIуэтырт, и гъунэгъуу щигъэIэнутэкъым. Апхуэди къэхъурт.

ЕджапIэхэм ядэлажьэ защIэурэщ Шэджыхьэщ1эм и щIэныпхъэр зэрызэфIигъэувари, зэрыригъэфIэкIуари. Куэдрэ къызэрыхъум хуэдэу, ар щIэныгъэлI пэшым къыщIэмыкIыу, стIолым бгъэдэсу, практикэм пэжыжьэрэ и нэгу къыщIигъэхьэмрэ щIэныгъэм къыхиха къудеймкIэ къэхъуакъым. ЩIэныгъэ лъагэм щызекIуэ структурнэ лингвистикэм, педагогическэ психологием, экспериментальнэ щIэныгъэм - мис мы унэтIыныгъищым а лъэхъэнэм щIэуэ къыщызэIуахам къыхэтэджыкIащ Марие и къэхутэныгъэр. Илъэскъым икIи илъэситIкъым ар къызэрипщытар, зэрызэригъэзэхуар. Ди щIыналъэм щызригъэгъуэта гугъэзэгъэгъуэмкIи къызэтеувыIакъым, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыкIэлъыплъащ: Фергана, Мейкъуапэ, Кутаиси, Баку. Езым шэч къытримыхьэж хъуащ: и щIэныпхъэр егъэджэныгъэр нэхъ тынш икIи нэхъ купщIафIэ зыщI Iэмэпсымэ щхьэпэ дыдэщ. Япэу къэунэхуат бзэм зэрыхурагъэджэн щIэныпхъэ, бзэщIэныгъэр зэрызэхэт Iыхьэхэр зэпэджэжу, зэгъусэу, а Iыхьэхэм яку илъ зэпыщIэныгъэхэр наIуэ хъурэ абы щхьэпагъыр нэхъри ин ищIу.

ЕджапIэ куэдым я егъэджакIуэхэр къыкъуэуват Шэджыхьэщ1эм, и институтым къакIуэурэ еджэрт, я урокхэр щIэрыщIэ ящIыным, зи пащхьэ ит сабийхэм нэхъ щIэныгъэ куу зэрырагъэгъуэтыным зыхуагъэхьэзырырт. Зэпыч имыIэу урок зэIухахэр екIуэкIырт, егъэджакIуэу къэрихьэлIар щIэныпхъэм и зэтеублэкIэм кIэлъыплъырт, ар зытелэжьэфыну лъэныкъуэхэм щытепсэлъыхьырт, зэчэнджэщхэрт, щхьэж гу зылъитамкIэ зэхъуажэхэрт. Бзэм хуезыгъаджэхэм я гукъыдэжыр къиIэта хъуат структурнэ щIэныпхъэр зи лэжьыгъэм хэзыпща егъэджакIуэхэм къагъэлъагъуэ ехъулIэныгъэхэм. Псом хуэдэжтэкъым Аруан, Псынабэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Тэрч, Урыху, Къэхъун, Щхьэлыкъуэ, Яныкъуей, Къэрэгъэш къуажэхэм, Налшык дэт 30-нэ еджапIэм я егъэджакIуэхэр. Езыхэр Iэзэ хуэхъури куэди ягъэсэжат, бгъэдыхьэкIэ купщIафIэр нэхъыбэм къызэращIэным, зэрызэлъащIысыным елIэлIахэрт.

ЕгъэджакIуэхэр зэхуэшэсынымкIэ, семинархэр егъэкIуэкIынымкIэ Шэджыхьэщ1эм дэIэпыкъуэгъуфI къыхуэхъуат ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтыр: абы и унафэщIу щыта Жэмыхъуэ Суфян, унафэщIым и къуэдзэу щыта Тохъу Светланэ, егъэджэныгъэм бгъэдыхьэкIэщIэхэр хэлъхьэнымкIэ къудамэм и унафэщIу лэжьа Мыз Маринэ сымэ.

Мы Iуэхум лъэпощхьэпо къыхилъхьащ курыт еджапIэхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр илъэсиплI къэс щIэуэ къыдэкIыжын хуейуэ ткIийуэ зэрыщытым. Шэджыхьэщ1эм и «Русское слово» тхылъхэм я ныбжьыр икIащ, щIэ къыдэкIыжакъым. ЕгъэджакIуэхэр нэгъуэщI тхылъхэм техьэжын хуей хъуащ, ауэ структурнэ щIэныпхъэм и фIагъыр къызыгурыIуахэм ар зэрыхъукIэ я урокхэм щагъэлажьэ. ПцIы хэмылъу, щIэныпхъэм хуэщIа тхылъкIэ щебгъаджэмрэ щыIэ тхылъым ар къебгъэзэгъыну ущыхуежьэмрэ къыпэкIуэр зыкъым.

БзэщIэныгъэм хэт еджагъэшхуэхэм структурнэ щIэныпхъэр къызэралъытар

Шэджыхьэщ1эм и инвариантыр щызэпкърихыу япэ дыдэ дунейм къытехьар «Содержание и приёмы обучения русскому словообразованию: выход в лексику, грамматику, орфографию» зыфIища тхылъырт. Ар щагъэлъэгъуауэ щытащ Совет Союзым и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр зи утыку кърахьэ ВДНХ-м, щытхъу куэди хуагъэшат, бзэщIэныгъэми егъэджэныгъэми хилъхьэфынур ину къалъытэу. Тхылъым а гъэлъэгъуэныгъэм и саугъэт къыхуагъэфэщат, апхуэдэпщIэ зэригъуэтамкIэ хъыбарегъащIэ тхылъ къыхуагъэхьат абдежым ирихьэлIэу Шэджыхьэщ1эр щылэжьа КъБКъУ-м и ректор Лъостэн Владимир, Совет Союзым егъэджэныгъэмкIэ иIэ къэрал къэпщытакIуэхэм я унафэщI Буга П. Г. къыбгъэдэкIыу.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэрал саугъэтым и лауреат, Виноградов В. В. и цIэр зезыхьэ, Урысыбзэм и институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэ Лопатин В. В. Шэджыхьэщ1эм и лэжьыгъэм нэгъэсауэ щыгъуазэ зыхуищIри, пщIэшхуэ къыхуищIу къытетхыхьыжат. Абы итхам щыщщ мыр: «...Шэджыхьэщ1эм къигъэлъэгъуа бгъэдыхьэкIэр егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыщыгъэсэбэпыныр игъуэ дыдэу зэрыщытым шэч хэлъкъым».

Профессор Федоренкэ Л. П. езы Марие зыкъыхуигъазэри къыжриIащ: «Си гугъэмкIэ, Марие, уэ езым иджыри къыбгурыIуэркъым къэпхутам и инагъыр. Ар унэтIыныгъэ хэха мэхъу! Къэрал псом щызекIуэр нэгъуэщIщ. Сэ сыметодистщ, сыщIэныгъэрылажьэщ, си тхылъхэмкIэ щоджэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат еджапIэхэм, икIи уэ жыпIэр сэ стхахэм пэщIоувэ. Апхуэдэу щыт пэтми, бдэсIыгъынущ, уи лъэныкъуэу сыщытынущ. Ауэ сыту гугъу дыдэ уехьыну. Уэ щIэх уакъыгурыIуэнукъым».

Къэбэрдей-Балъкъэрым къакIуэу структурнэ щIэныпхъэмкIэ ирагъаджэ классхэм щIэса профессор Тихонов А. Н. жиIащ: «Сабийм я лэжьэкIэ сэ мы урокхэм щыслъэгъуар фIэщщIыгъуейщ! Апхуэдэ егъэджэкIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ къыхуэнэныр мыхъунщ!»

Профессор Березовская Т. Ю. и Iуэху еплъыкIэри апхуэдэ дыдэт: «Дэ Шэджыхьэщ1э Марие къытхуищIар уасэ зимыIэщ. Егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ абы фIыгъуэу къыхилъхьэнур къэлъытэгъуейщ».

1989 гъэм Мэзкуу къикIри, Налшык къэрал унафэкIэ къэкIуат щIэныгъэлI гуп, Инвариантым и лэжьэкIэр зрагъэлъагъуу псалъэмакъ пыухыкIа трапщIыхьыжын хуейуэ. Ахэр еблэгъащ Аруанрэ Щхьэлыкъуэрэ дэт курыт еджапIэхэм. Урокхэр зэфIэкIри, гу зылъатар зэпкърахыжыну щызэхуэзэжахэм, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ министр Тхьэгъэпсо Хьэжысмел гупым я нэхъыщхьэ Шараповэ М. П. еупщIащ: «Дауэ къыфщыхъуа фи нэгу щIэкIар?». Жэуапыр мырат: «Мы методыр еджапIэхэм дэмыхьэныр еджакIуэхэм лей етха хуэдэу аращ». Гупыр я фIэщу тепсэлъыхьащ структурнэ щIэныпхъэр зи лъабжьэ тхылъхэр, методическэ чэнджэщхэр гъэхьэзырыным пэрымыхьэныр фIэкIыпIэ зимыIэу зэрыщытым. А гупым Налшык щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм къыдэкIуэу Пушкиным и цIэр зезыхьэ институтым Шэджыхьэщ1эм и лэжьыгъэхэр щIалъхьат, яджу рецензие кърaтыжын хуейуэ. А рецензиер урокхэм щIэсам жаIам техуакъым: «Методыр урысыбзэр джыным хуэщIауэ зэрыщытым шэч хэлъкъым, ауэ еджапIэу хъуам щызэлъащIысыныр Iэмалыншэкъым».

Структурнэ щIэныпхъэм зэрыхуэфащэу ину зиубгъуакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи гъуэгу хуитыр министерствэхэм, университетхэм яфIэкъабылырщ. Шэджыхьэщ1эм и бгъэдыхьэкIэм и лъэр нэхъ щыувар урысыбзэрати, илъэс куэд лъандэрэ зэтеубла хъуауэ, псори есэжауэ, тхылъу хъуари абы тету къыдэкIауэ зы егъэджэкIэ щыIэт. А тхылъ щыIэхэр зытхахэрат дэнэкIэ зыбгъазэми къулыкъухэр зыIыгъыр. Дауэ жаIэнт, дыдейм хуэдэу е нэхъыфIу егъэджэкIэ къэунэхуащи, гъуэгу етын хуейщ, жаIэу. Къэхъуаращи, нэхъыбэр псалъэншэу къыпэуващ. Зыми щхьэтехауэ иубакъым, къагурыIуэрт пхуимыгъэкIуэтын щIэныгъэ къабзэу зэрыщытыр. Бзаджагъэм хуекIуахэщ: IейкIи фIыкIи тепсэлъыхьыртэкъым, ямылъагъу, зэхамых защIырт, сыту жыпIэмэ езыхэм я гъуэгу пхрашыжауэ къалъытэрт, щIэныгъэм и лъапсэм пщIэ зиIэ увыпIэ щаубыда хуэдэт. Марие и Инвариантыр абыхэм илъэс бжыгъэхэр зытрагъэкIуэда бгъэдыхьэкIэхэм зыкъомкIэ пэщIэувэрт, пэжу къалъытэу къэгъуэгурыкIуа Iуэху еплъыкIэ гуэрхэм шэч къытрыуигъэхьэжырт. Тхылъхэр, статья куэдхэр зытептхыхьам нэгъуэщIынэкIэ уеплъыжыну къомыхъулIэнри хэлъщ. Шэджыхьэщ1эр зэлэжьа унэтIыныгъэмкIэ гъусэ къыхуэхъун куэд езым хуэдэ еджагъэшхуэхэм къащIыхэмыкIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр аращ.

ГъащIэм и сыт хуэдэ щыIэкIэри къащти, зэфIэувауэ къэгъуэгурыкIуэ щытыкIэр пхъуэжыныр ямылейуэ гугъущ. ЩIэр зэкIэ тегъэщIапIэшхуэ зимыIэ гуэрщ, жьыр псори зэсэжауэ, нэгъуэщIу щытынкIэ хъуну гурыщхъуэ лъэпкъи ямыIэу зэрыпсэущ. Нэхъ лъэкIыныгъэ зиIэр зимыIэм пэщIоувэ, езыми телъхьэ и куэдщи, мэгушхуэ. Марие къехъулIар шэч къызытримыхьэ и пэжым кърит гуащIэмкIэ пхришыжаращ, и ерыщагъыр къыщыпекIуэкIыж къэхъуами. Ар зэи гуитIщхьитIакъым, къытригъэзэжурэ къимыпщыта, езым хьэкъыу пхымыкIа къигъэIуакъым. Абы жиIэрт: «ЩIэныгъэр шэч зимыIэ пэжагъ гуэру щытмэ, абы хуэпщылIын хуейщ, Тхьэм зэрыхуэпщылIым хуэдэу, сыту жыпIэмэ щIэныгъэр къызыбгъэдэкIыр Тхьэр аращ». А псалъэхэм яхэлъ купщIэм тетущ езы еджагъэшхуэр зэрыпсэуар. НэгъуэщIуи хузэфIэкIынутэкъым. Си IуэхурирекIуатэ, жиIэу зыми зыхуигъэщхъакъым, къыспэщIэувэжынщ, лъахъэ схуэхъунщ жиIэуи пэжу къилъытэр иукъуэдиин къигъэнакъым. И хьэл ткIийр къыхуамыгъэгъуари пэжщ. Къыскъуэтхэр нэхъыбэ ирехъу жиIэу, фIэгунэмыс цIыху гъунэгъу зыхуищIакъым. ЗыщIезыгъэх, щхьэусыгъуэ зи куэд, езым зэтриубла кIуэкIэр зэблэзышыну гурыщхъуэ зыхуищI зыдигъэлэжьакъым. Сытым щыгъуи пэжыгъэрэ къабзагъэрэ къилъыхъуэрт. Сыт хуэдэу ар мыгугъуми, абыкIэ мылъку гуэр къэблэжьыфыну щымытми, къилъытэрт щIэныгъэм хыхьа цIыхум абы зритыну фIэкIа, нэгъуэщI лэжьэкIи щытыкIи щыIэн хуэмейуэ. МащIэкъым абы щIэныгъэм хишахэр. Абыхэм ящыщщ педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор хъуахэу Емуз Н. Гъу., Геляевэ А. А., Бабаевэ Л. А., педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Жырыкъ Р. Ж., ТIажь Б. П., Жеребилэ Т. В., Мухьэдий Ф. П., ХьэцIыкIу Р. А., ШынтIыкъу И. В., филологие щIэныгъэхэм я кандидат Къумыкъу Д. М.

Структурнэ щIэныпхъэр щадж щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и кIэр зыхуэкIуар

Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ езыт еджапIэхэмкIэ, техническэ политикэмкIэ министерствэм 1992 гъэм Структурнэ щIэныпхъэм зегъэужьынымкIэ щыIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым хухихащ сом мин 600, щIэныпхъэр адэкIи джыным, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм хэпща хъуным текIуэдэн хуейуэ. Ар мылъкуфI хъурти, Шэджыхьэщ1эм лабораторэу 8 къызэIуихат: урысыбзэмкIэ, адыгэбзэмкIэ, хьэрыпыбзэмкIэ, инджылызыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, тыркубзэмкIэ, нэмыцэбзэмкIэ, франджыбзэмкIэ. Институтым гулъытэ къыхуищIащ КъБР-м и президент КIуэкIуэ Валерий Аращ щылэжьа пэшхэр къезытар. Къэралыр лъэлъэжурэ, Мэзкуу къикI ахъшэри кIуэщIащ, лабораторэхэм щыщу плIыр зэхуащIыжын хуей хъуащ. 1999 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ ищIащ ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ министерствэм илъэс къэс бюджетыр щигъэпскIэ Структурнэ щIэныпхъэм зегъэужьынымкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым Iыхьэ хухихын хуейуэ. Iуэхум и зегъэкIуэкIэр нэхъ гугъу хъуами, Марие лэжьакIуи хэкIыпIи къигъуэтурэ зригъэубгъурт. Адыгэбзэм елэжьыныр нэхъ япэ иригъэщхэм ящыщт. АбыкIэ гугъапIэ нэхъыщхьэу иIар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэлI БищIо Борисщ. Марие и инвариантым нэ лейкIэ еплъын, джын, зегъэужьын зэрыхуейр къыгурыIуат БищIом.

Институтым къыдигъэкI журналым мыпхуэдэу щитхат абы: «Структурнэ методикэм адыгэбзэм щиубыдынкIэ хъуну увыпIэм теухуауэ зы Iуэхугъуэ гу лъумытэу ублэкI хъунукъым. Мы методикэм, дэ къызэрытлъытэмкIэ, псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэнущ адыгэбзэ зымыщIэххэ е шэрыуэу зымыщIэ адыгэхэм (псалъэм папщIэ, къалэдэс сабийхэм) ар щрагъэджкIэ. Адыгэбзэр мыадыгэхэм зэрырагъэджын методикэ иджыри щыIэкъым. ЩIыщымыIэри гурыIуэгъуэщ - иджыри къэс апхуэдэ хуей дыхъуакъым... Ауэ иджы апхуэдэ къалэн, гъащIэм зихъуэжри, ди пащхьэ къиуващ. Ар къалэн тыншкъым. Языныкъуэ еджапIэхэм, университетым къыщызэIуахащ адыгэбзэ зымыщIэхэм ар егъэджынымкIэ курсхэр. Ауэ абыхэм я нэхъыбэр лъэлъэжащ, лажьэу къэна языныкъуэхэми, щIэныгъэ лъабжьэ лъэпкъ егъэджэкIэм зэримыIэм къыхэкIкIэ, къикIышхуэ щыIэкъым. Телевиденэм къызэIуихауэ щыта адыгэбзэ урокхэми мыхьэнэ лъэпкъ ямыIауэ жыпIэ хъунущ. А псор щIыжытIэр мыращ: мы къалэн къытпэщытымкIэ гугъуехьым дыкъыхишыфыну къытфIощI Шэджыхьэщ1эм и методикэм». БищIом зэрыжиIэмкIэ, а лъэхъэнэм институтым и адыгэбзэ къудамэм щылэжьахэр тегушхуауэ Iуэхум яужь итат структурнэ щIэныпхъэм «адыгэбзэм ехьэлIауэ фIыгъуэу къыпыкIыну псори къыпахыну» хьэзыру.

Жагъуэщ ар къызэрымыхъуар, лэжьыгъэр къызэрызэтеувыIэжар.

2004 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Налшык махуитхукIэ щызэхэтащ псалъэ къэхъукIэм и инвариантымрэ абы къыпкърыкIыжа структурнэ щIэныпхъэмрэ яхэлъ лъапIэныгъэм теухуауэ Урысейпсо конференц. Абы кърихьэлIащ къэралым и щIыпIэ зэщымыщхэм къикIа лIыкIуэхэр, Мэзкуурэ Бытырбыхурэ бзэм елэжьу дэт институтхэм я унафэщIхэр, лэжьакIуэхэр. ПсалъэкIэ къагъэнэхуам и мызакъуэу, Аруан, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм я еджапIэхэм еблэгъахэщ, урокхэм щIэсащ, щIэныпхъэм и лэжьэкIэм кIэлъыплъахэщ. Къызэхуэса щIэныгъэлIхэм я чэнджэщхэм япкъ иткIэ конференцым унафэфIхэри къыщащтат: республикэм ис егъэджакIуэхэр гупурэ зэхуашэсурэ щIэныпхъэм щагъэгъуэзэну; а бгъэдыхьэкIэр зи лъабжьэ тхылъхэр курыт еджапIэм и 2 - 4-нэ, 5 - 7-нэ классхэм папщIэ зытхын автор гупхэр къызэрагъэпэщыну; щIэныпхъэр лэжьыгъэм хэпщэныр республикэм и щIыналъэ унафэщIхэм пщэрылъ ящыщIын хуейуэ; нэхъапэ ар лъэ быдэкIэ щыгъэувын хуей еджапIэхэр къыхэхыпхъэу, абы мылъкуу текIуэдэнур егъэджакIуэхэм я Iэзагъым щыхагъахъуэ Институтым 2005 гъэм и бюджетым къыхалъытэну. А унафэм и Iэ щIэлъщ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и министру щыта Щоджэн Ахьмэд.

ФIыми, унафэр тхылъымпIэм къинэжащ, зыри гъэзэщIа хъуакъым. Конференцыр иухщ, щытхъумрэ дахэмрэ щагъэшщ, Iуэхур кIуэтэн папщIэ лэжьын хуейр кърaтхыхри, псори зэфIэха хъуа хуэдэу (щIэупщIыIуэжахэ?), адэкIэ гъащIэм пищащ.

Тыркубзэр моделхэм я шыбзэм зэрыщIигъэкIам хуэдэ дыдэу елэжьырт инджылызыбзэми. Хьэзыр хъуа материалыр куэд дыдэт, ауэ институтым и унафэщIыр дунейм ехыжри, а лэжьыгъэшхуэр лъэужьыншэ хъуащ, зи нэIэ тетын, пызыщэн щыIакъым. КъызыдэкIуам дэкIуэдыжащ жыхуаIэм хуэдэ хъуащ езы институтри. Пушкиным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ зэтетхэм ящыщ зым и зы къат иIыгъыу лажьэу щыта институтыр, унафэщIыр щыщымыIэжым, япэщIыкIэ яхьыжащ зэпха Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, пэшитI хухахри, Шэнтыкъуэ Иринэ унафэщIу зы лъэхъэнэ гуэр екIуэкIащ. Марие и гъусэу адыгэбзэм и лексикэр псалъэ къэхъукIэм и моделхэмрэ щIыкIэмкIэ зэхагъэкIыну ирагъэжьа лэжьыгъэм пащащ икIи мыIейуэ гъэзэщIа хъуат.

Институтыр зыхагъэхьэжа университетым и унафэщIыр зыкIи абы хуэмейуэ къыщIэкIри, зэхуащIыжащ, илъэс бжыгъэкIэ цIыху гуп зэлэжьа материалышхуэр кIуэдащ. Университетым и пщIэр зэриIэтыфыну щыта институтыр хигъэкIуэдэжащ, щIэныгъэ нэгъэсар зи лъабжьэ щIэныпхъэм зригъэужьакъым. Iуэхум и кIуэкIэр зэрымыхъумыщIэм къыхэкIыу а лъэхъэнэм ректору лэжьа Къарэмырзэ Барэсбий зыщыхуагъэзам, жэуапу къитар мыращ: «Си щхьэкIэ щыIэ унафэщIым институтыр университетым хэбжэ къыщызжиIэкIэ, ар сымыгъэзэщIэну сыхуиттэкъыми, приказ стхыри къыхэзгъэхьащ, ауэ сэ абы зыкIи сыхуейкъым». ГурыIуэгъуэт апхуэдэу унафэщIыр зыхущыт институтыр зэрымыпсэунур, ауэ адыгэбзэм и джыкIэ хъунум ехьэлIауэ лэжьыгъэ мыIей зэтеубла хъуати, абы бгъэдэт гупыр къызэтеувыIэжыну хуейтэкъым.

ЩытыкIэ гугъум иува лэжьакIуэхэм зыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бизнесымкIэ и институтым и унафэщI Хъурей Феликс. Ар философт, сыт хуэдэ Iуэхуми лъэныкъуэ куэдкIэ хэплъэрти, къыгурыIуат структурнэ щIэныпхъэм гъуэгу етын зэрыхуейр. И институтым къыщызэIуихащ Бзэхэр структурнэ щIэныпхъэм тету джынымкIэ къудамэ, Налшык къалэми республикэм и щIыналъэхэм щылажьэ курыт еджапIэхэми структурнэ щIэныпхъэр къыщацIыхунымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIа гъэзэщIа хъуащ, семинархэр екIуэкIащ, щIэныпхъэм и зэфIэкIыр нэрылъагъу щащIу. Хъурейм и фIыгъэщ адыгэбзэмкIи урысыбзэмкIи егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр щIэщыгъуэ зыщIын тхылъ зыбжанэ дунейм къызэрытехьар. Мырат Шэджыхьэщ1эм и щIэныпхъэр и лъабжьэу 2-нэ, 5 - 7-нэ классхэм папщIэ «Адыгэ псалъэ» пособиехэр щагъэхьэзырар. Мыбдеж къыщыхэзгъэщынщ КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэми Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтми я щIэныгъэлIхэм структурнэ щIэныпхъэр адыгэбзэм къимытIэсэну жаIэу тхылъхэм я лъэтеувэм къызэрыщыпсэлъар. Зытхахэм къызэралъытэри, зыIэрыхьа егъэджакIуэхэм халъэгъуари нэгъуэщIщ.

ФIэщхъуныгъэ кууу

Шэджыхьэщ1эм япэ дыдэу къыдигъэкIа тхылъым къыпэкIуа ахъшэмкIэ мэжджыт ухуэным пыхьащ. Сытыгу уиIэн хуейт, сыт хуэдэ тегушхуэныгъэ пхэлъын хуейт, уи гуащIэ фIэкIа узыщыгугъын уимыIэу апхуэдэ пщэрылъ зыщыпщIыжын папщIэ?.. ПщIыхьэпIэу и нэгу щIэкIат мэжджытыр щищIыну щIыпIэри иIэн хуей теплъэри. ЩIыпIэр Псынабэ къуажэм и дыхьэпIэрат. Проект куэдым хэплъащ, зыхуейм хуэдэ хуэмызэурэ, ауэ лъыхъуэм къегъуэт, икIи къигъуэтри икIи Iуэхум кIэщIкIэ яужь ихьащ. КъыкъуэкIащ къыдэзыIыгъахэр, зыкъыщIэзыгъэкъуахэр. Мэжджытым ирихьэлIэнухэр къыщищхуукIэ, нэхъ лъапIэмрэ нэхъыфIымкIэщ здэплъар, пуд къищхуу и ахъшэм нэхъыбэ къыщIигъэкIыну пылъакъым. И фIэщ хъурт адэкIи хэкIыпIэ къызэригъуэтынур. Уасэ гуэр иIэну и унэм щIэтар ищэжащ, щыгъын лъапIэ къилъыхъуакъым. И гуащIэри, и пщIэнтIэпсри зыхилъхьар а мэжджытыр нигъэсынырщ. Зэи зыри псоми ещхьу зымыщI Марие ищIа мэжджытри ди щIыпIэм итхэм къащхьэщыкIырт. Абы хэтщ пэшиплI, сабийхэм бзиплIкIэ щIэныгъэ щрагъэгъуэтыну зэтриублэн и гугъауэ. Тхылъ хъумапIэ хэтщ, Шэджыхьэщ1эм тхылъу зэрихьар абы щIэлъщ. Нэхъ пэшышхуи хухихат муслъымэн нэчыхь щатхыну. Марие щыгугъащ а Тхьэм и унэм лэжьыгъэ купщIафIэ щекIуэкIыну, сабийхэм щIэныгъэри гъэсэныгъэри нэгъэсауэ щагъуэту, гурыщIэ къабзэм зэришэлIахэм унагъуэ къызэрагъэхъум и щыхьэт тхылъхэр щатхыну, щIэныгъэм хуэлажьэ цIыхухэр щызэблэкIыну. А псори къэхъуакъым, аргуэрыжьщи, щIэныгъэ системэр апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ хуэмыныкъуэу къыщIэкIати. Мэжджытыр щыIэщ, дин Iуэху щызэрахьэ, къабзэщ, екIущ, и чэзум хъуэжыпхъэр, зэхъуэкIыпхъэр къызэрагъэпэщ Шэджыхьэщ1э Марие и цIэр зезыхьэ фондыр зыгъэлажьэхэм. Фондыр къызэрагъэпэщат Хьэлышх Хьэсэн, Сунш Ануарбий, Ахъмэт Назир, Индрокъуэ Мухьэмэд, Мамыхъу Мулид, Шакъ Хъусен, Лаговатовский Юрий сымэ. Марие дунейм ехыжа нэужь и цIэр фондым фIащыжащ. Зэи темыплъэкъукIыу мэжджытым кIэлъоплъ Хьэлышх Хьэсэн, къыкъуэкI лэжьыгъэм фондым хэтхэр полъэщ, ныкъусаныгъэ гуэр иIэу щагъэткъым.

Марие илъэс 15-кIэ елэжьащ ухуэныгъэм, езыр щыщымыIэжми, фондым хэтхэм мэжджытыр IэщIыб ящIакъым, ебгъэлеймэ, езы Марие абы зэрыхуэсакъам къыкIэрымыхуу кIэлъыплъахэщ икIи кIэлъоплъ.

Шэджыхьэщ1эр зыпэлъэщам хуэдизым пэщIэувэфынури пэлъэщынури зырызыххэщ. Зыхинакъым хьэжыщIым и псапэми. Куэдым я хъуэпсапIэ а гъуэгу мытыншыр 1996 гъэм къызэпичри, «Хьэжым и гъуэгуанэ тхыгъэхэр» тхылъыр итхыжат. Абы итщ мыпхуэдэу: «Иджы, нэхъ жыжьэ сыплъэ, нэхъыбэ къызгурыIуэ сыхъуащи, лъэныкъуэкIэ сыщыт хуэдэу сызоплъыж, сыфхэмытыжу, си псэр джакIуэу къыфхэнауэ аркъудейуэ къызыщызгъэхъуу, нэгъуэщIым къыбгъэдэкI хуэдэу жызоIэ: «Зы напIэдэхьеигъуэкIэ фи жэрыжэр къызэтевгъэувыIэну лъаIуэу арат ар щIэтхьэджэр, Алыхьыр куэдыкIейуэ къызэретар псори, зыри мычэму, фи Iэгум ныфхурилъхьэну хунэсын папщIэ. Ауэ фэ фыпIащIэрт, фыпIащIэрт... Дэнэ?

Мы дунеишхуэм сэ сыщыхэт, сыщысыт? Сызынэпс ткIуэпсщ. Мис, къежэхащ ар - къэсат си пIалъэр, - икIи къызэдэсщтар Аращ - Фэ Къыфхуэзгъанэращ. Адрейр псори сабэрэ щарэщ».

ХЬЭЦIЫКIУ Рае.

● ДифI догъэлъапIэ

Зи лэжьыгъэм хуэпэж

КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Бесчокъуэ Майе и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ. Утыкур зыгъэбжьыфIэ бзылъхугъэ гуапэр ящыщщ цIыхубэм я гукъыдэжым хэзыгъахъуэхэм, дэрэжэгъуэ езытхэм.

БЕСЧОКЪУЭ Майе Мусэбий и пхъур Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей (Старэ Урыху) къуажэм 1951 гъэм гъатхэпэм и 10-м къыщалъхуащ. Къуажэ школыр къиухри, япэщIыкIэ культпросвет училищэм, иужькIэ Ленинград дэт консерваторэм щеджащ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу Бесчокъуэм оперэ спектакль, классикэ опереттэ 50-м щIигъум роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ. Апхуэдэхэщ «Кармен», «Травиата», «Сильва», «Евгений Онегин», «Марица» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. Майе ноби и зэфIэкI къигъэлъагъуэу мэлажьэ.

- Ленинград дэт консерваторэр 1979 гъэм къэзухыу къызэрызгъэзэжрэ Бесчокъуэ Майе соцIыху. Абы къыщиуха гъэм сэ а еджапIэм сыщIэтIысхьащ. КъБР-м и Музыкэ театрым Майе илъэситхукIэ щылэжьауэ сэ къэзгъэзэжащ. ЗэрытщIэщи, нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу къалъытэ Бизе Жорж и «Кармен» оперэр. А лэжьыгъэр 1980 гъэм накъыгъэм и 7-м Майерэ сэрэ япэу утыку къитхьащ, лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр зэдэдгъэзащIэу. Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ театрхэр къапщтэмэ, ар япэу къызэхъулIар дэращ, - жеIэ КъБР-м и цIыхубэ артист ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий.

Лэжьэн зэрыщIидзэу, макъыфI зэриIэр къалъытэурэ, Бесчокъуэм роль нэхъыщхьэхэр къыхуагъэфэщащ. Япэ дыдэу зыхэта «Сильва» опереттэм Сильвэ и ролыр щигъэзэщIащ. КъыкIэлъыкIуэу «Белоснежка» спектаклым КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мэршэнкъул Iэдэм пащтыхьыкъуэу, Майе Белоснежкэу щыджэгуахэщ. Нэхъ игу къинэжахэм ящыщщ «Мадинэ», «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Лацэрэ», «Кармен» оперэхэр. «Кармен», «Травиата» оперэхэр уафэмрэ щIылъэмрэ хуэдэу зэпэжыжьэми, нэгъуэщIым зэримыхъуэкIыу илъэс зыбжанэкIэ жиIащ. Нобэр къыздэсым ахэр цIыхухэм ягу къинэжащ.

- Ди щIыналъэм щыщу япэу Ленинград консерваторэм ягъэкIуа гупыр актёр Iэзагъэм хурагъэджащ. Ахэр сценэм дахэу къыщыфэфу икIи щыпсэлъэфу ирагъэсащ. Илъэситху дэкIыу а еджапIэм щIэтIысхьа ди гупыр уэрэд жыIэным и закъуэщ дызыхурагъэджар. Лэжьэн щIэздза нэужь, макъ сиIэ щхьэкIэ, актёр Iэзагъэ схэлъытэкъыми, гугъу сехьырт, - игу къегъэкIыж Майе. - Си япэ къэкIуэжа гупым садэплъейуэ щIэздзащ. Ахэр зэрыджэгум хуэдэу фIыуэ къызэхъулIэртэкъыми, Iэдэм куэдкIэ къыздэIэпыкъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сызэрыджэгуфри, сыкъызэрыфэфри, сызэрыпсэлъэфри аращ зи фIыгъэр. Абыхэм хурамыгъэджахэр гугъу йохь. Апхуэдэ гулъытэ хуэзыщIу абыхэм ядэлэжьэн диIэкъым.

- Ди республикэм и Музыкэ театрыр зыгъэбжьыфIэ Бесчокъуэ Майе псалъэ гуапэ мыухыжхэр хуэфащэщ. Республикэм и макъамэ гъуазджэм зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, - жеIэ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Марьянэ. - Ар утыку итщ, и лэжьыгъэм хуэпэжу, цIыхухэм дэрэжэгъуэ яриту.

«Мадинэ» оперэр щагъэувам, Майе Мадинэу джэгуащ. ИужькIэ ар щIэрыщIэу утыку къыщрахьэм, абы Мадинэ и анэм и ролыр игъэзэщIащ, и макъыр апхуэдэ дыдэу хуэмыкIуэми, ныбжькIэ ар нэхъ пэгъунэгъути.

- Адыгэр дызэрыгушхуэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр ди куэдкъым. Оперищ диIэу аращи, ахэр тхъумэну, зэпымыууэ сценэм щыдгъэлъэгъуэну ди къалэнщ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэ псом апхуэдэ лэжьыгъэ зиIэ нэгъуэщI лъэпкъ искъым. СхуэзэфIэкIатэмэ, адыгэ оперэхэр, спектаклхэр зэпымыууэ утыку къисхьэнт. Сызэхъуапсэ ролхэр щыIащ, арщхьэкIэ ахэр щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу ди театрым щамыгъэуву къэнащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Чайковский Пётр и «Пиковая дама» оперэр. Лизэ и ролыр хуабжьу си гум дыхьэрт, а ариер згъэзэщIэну сыщIэхъуэпсырт, - жеIэ Бесчокъуэ Майе.

Урысейм и щIыпIэ куэдым, гъунэгъу къалэхэм концертхэр щату щыIащ Майерэ и лэжьэгъухэмрэ. Дауи, мазэкIэ зы щIыпIэ ущыIэну мытыншми, абы апхуэдизкIэ есахэти, къахуэмыгъэсу пэплъэхэрт. ЗдэкIуэ щIыналъэхэм хуабжьу пщIэшхуэ къыщыхуащIырт, я макъхэр я гум дыхьэрт, Iэгуауэшхуэ хуаIэтырт, удз гъэгъахэмкIэ щIагъанэрт. КъищынэмыщIауэ, я цIэхэр зыхэт усэхэр хуаусырт, саугъэтхэр хуащIырт. Я лэжьыгъэр апхуэдизкIэ фIыуэ ялъагъурти, абы къыпэкIуэ дэрэжэгъуэм, пщIэм гугъуехьхэр ящигъэгъупщэрт. Абы щыгъуэм унафэщI IэкIуэлъакIуэу Локъуэ Марие яIащ. Ар щылэжьа илъэсхэм ирихьэлIэу театрым ехъулIэныгъэфIхэр къихьащ, зиужьащ, ефIэкIуащ.

Хъурей Феликс и деж Майерэ и щхьэгъусэ Мэршэнкъул Iэдэмрэ къыщызэIуахауэ щыта Сабий музыкэ театрым щIэупщIэшхуэ, ехъулIэныгъэ иIэу, цIыкIухэр куэду кърашалIэу щытащ. Абы егъэджакIуэ 20-м нэблагъэ щылажьэу, ныбжьыщIэ 50 хуэдиз щеджэу щытащ. Ауэ, къэралыр щыкъутэжым, ари зэхуащIыжащ. Абы къекIуалIэу щыта цIыкIухэми, я адэ-анэхэми нобэр къыздэсым фIыщIэ къыхуащI. Ягъэсахэм артист, режиссёр, уэрэджыIакIуэ куэд къахэкIащ.

Бесчокъуэ Майе Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ и колледжми щрегъаджэ. Классикэ макъамэр фIыуэ зылъагъухэр макъамэм, уэрэд жыIэным, утыку итыным я щэхухэм хегъэгъуазэ. Иригъэджахэм артист, режиссёр, уэрэджыIакIуэ куэд къахэкIауэ нобэр къыздэсым фIыщIэ къыхуащI. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым уэрэджыIакIуэ гуащIафIэр зэрыжыджэрыр, лэжьыгъэм и гур зэрыхуэкъабзэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Жьыщхьэ махуэ хъуэпсэгъуэ

● Хъуэхъу

Хьэмидей (ХьэпцIей) къуажэм щыщ **ГъукIэпщхэ (Бжьынейхэ) Марэ** и махуэ лъапIэмкIэ йохъуэхъу и бынхэр, Iыхьлы-благъэхэр, и къуажэгъухэр, фIыуэ къэзылъагъухэр. Нобэ езым и сабийхэм къащIэхъуа щIэблэр зэпщIэкIа бзылъхугъэ гуащIафIэм и мэ зыщыуахэр гъэсэныгъэм и щапхъэу, IэщIагъэрэ зэфIэкIкIэ пэрытхэу, ехъулIэныгъэфIхэмкIэ жылагъуэм къахэщу, итIанэми, мыутыкуакIуэхэу, шыIэныгъэр яфIытекIуэу къогъуэгурыкIуэ. Марэ хуэдэ анэхэрщ адыгэр щIэадыгэжри, гъащIэр щIэгъащIэжри. Зи щIалэгъуэр и ныбжьым игъэдахэмэ, ныбжь зиIэм и IуэхущIафэхэм я Iэужьхэр сурэт хуохъу. Жьыщхьэ махуэ хъуэпсэгъуэкIэ Алыхьталэр зыхуэупса Марэ дохъуэхъу и къару илъыгъуэм зэлIэлIам и лъэужь дахэ ирипльэжу, и унагъуэмрэ фIыуэ къэзылъагъухэмрэ я гукъыдэжыр къахуиIэту илъэсищэ къигъэщIэну.

И бынхэр, Iыхьлы-благъэхэр, къуажэгъухэр, фIыуэ къэзылъагъухэр.

Лыхьхэмрэ адыгэхэмрэ

● Тхыдэ жыжьэ

XVI - XVII лIэщIыгъуэхэм Польшэр зэпымыууэ щIэкъуащ Шэрджэсым зыкъызэрыпищIэным. Лыхьхэм (полякхэм) я деж кIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэт: адыгэхэр зауэшыти, дахьэхыурэ я дзэм хашэрт, зауэ къалъыкъуэкIмэ, Кавказым ираша адыгэхэрат пашэр.

1561 ГЪЭМ Польшэм я пащтыхь Сигизмунд II Август иригъэблэгъауэ щытащ шэрджэс лъэпкъ лъэрызехьэхэм ящыщ шу гуп, абыхэм пщIэшхуэ къахуищIащ, дзэм къулыкъу къащриташ. 1562 гъэми Польшэм Iэпхъуащ жанеипщ зыбжанэ: Жанейм я пщышхуэ Сибокъуэ и къуэ Мэшыкъуэ, Сибокъуэ и унэкъуэщ Темрыкъуэ, абы и къуэш Щоджэн, Къамбулэтыпщым и къуэ Къасым сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я гъусэу Польшэм Iэпхъуащ уэркъ шу щищ. Польшэм Iэпхъуа адыгэпщхэми уэркъхэми я пщыцIэри я уэркъыцIэри къахуэнэжащ, ар дэнэ къэна, я пщIэр нэхъри дэкIуеящ, щIышхуи, уни, лъапси кърataщ. Польшэм Iэпхъуа адыгэхэм ящыщ зыбжанэр католик диным ихьауэ, нэхъыбэм алыдж чыристан диныр ямыутIыпщауэ ятх, ауэ, а Iуэхум нэхъ щыгъуазэ Кружинский Мартин зэрыжиIэмкIэ, ахэр псори мажусийт.

Зи гугъу тщIы зэманым Польшэм и пащтыхьым къэзакъ-шэрджэс шуудзэ къызэригъэпэщауэ щытащ. А шуудзэр Щоджэнрэ Темрыкъуэрэ я IэмыщIэ иралъхьащ - а тIури дзэпщт. Адыгэ куэд щыIэпхъуэм, Польшэм къыщызэрагъэпэщащ «псыхуабэ» шуудзитI - апхуэдэщIэ щIаIар а шуудзэхэм хагъэхьам я нэхъыбэр «Псыхуабэ лъэныкъуэмкIэ», нэгъуэщIу жыпIэмэ, Къэбэрдейм икIати арaщ. Кружинскэм зэритхымкIэ, Польшэм хуэзауэурэ адыгэ шухэм зэрахьа лIыгъэм и хъыбар куэд къэсащ ди зэманым. «1572 гъэм мэлыжьыхь мазэм и 13-м тыркудзэр къебгъэрыкIуауэ щытащ Молдавием ис лыхьхэм я дзэм. Тыркухэр къащытезэрыгуэм, - етх Кружинскэм, - лыхьхэр зэрыгъэгужьейри зэуапIэм къикIащ, я щхьэр щIахьащ. Тыркудзэр зэтезыгъэувыIэфар Темрыкъуэ и «псыхуабэ» шуудзэрщ: адыгэхэм тыркудзэр зэтраIыгъащ, лыхьхэм ягу къихьэжу къагъэзэжыху». Темрыкъуэ зэрихьа лIыгъэм хуэфащэ пщIэ игъуэтащ: Польшэм и пащтыхь Сигизмундрэ Сеймымрэ (Парламентым) я унафэкIэ жанеипщым Подольеми, Киев дежи, Литвами щIышхуэ къыщратащ, мэкъумэшыщIэ мин щэ ныкъуи къыIэщIалъхьащ.

Шэрджэсхэр лыхь лIакъуэлIэш цIэрыIуэхэм пащIырт, абыхэм ящыщ дэтхэнэми щIышхуэ щиIащ Белоруссиеми, Литвами, езы Польшэми. Шэрджэс шуудзэм бжыпэр щиубыдащ Сигизмунд и дзэм, я Iуэхур абы тетащ XVIII ЛIэщIыгъуэм и кIэм нэс: 1795 гъэм лъэлъэжащ Речь ПосполитэкIэ зэджэу щыта къэралыгъуэр, ар зыIэщIалъхьэжащ Урысейм, Пруссием, Австрием. Абы и ужькIэ я пщIэр ехуэхащ Польшэм зэгуэр Iэпхъуауэ щыта адыгэхэм: илъэс щитIым щIигъукIэ Польшэм хуэзауэри, ахэр хуэм-хуэмурэ хэшыпсыхьыжащ лыхьхэм, литовцхэм, белорусхэм. «Псыхуабэ шуудзэхэм» адыгэ щIагъуэ къыхэнэжатэкъым XVIII лIэщIыгъуэм и кIэухым, а шуудзэхэм я адыгэцIэр къахуэнами, абыхэм иджы хэтым я нэхъыбэр украинрэ тэтэррэт. «Псыхуабэ шуудзэхэм» къахуэнар я цIэм и закъуэтэкъым: украинхэми, тэтэрхэми, лыхьхэми щапхъэ яхуэхъуауэ зэрахьэрт адыгэ фащэри, адыгэ Iэщэхэри, адыгэ шум и зэуэкIэми хуеджауэ, арат зытетыр.

Шэрджэсхэм лъэужьышхуэ къыханащ Польшэм и тхыдэм, ахэр япэ итащ лыхьхэр тыркухэмрэ шведхэмрэ щезауэм щыгъуэ. Собесский Ян Польшэм и пащтыхь, дзэпщ цIэрыIуэм, тыркудзэр Венэ деж щызэтрикъутауэ щытащ 1682 гъэм. Абы и дзэм хэтащ шэрджэс шу минищ - ахэращ Собесскэр Венэ деж щытезыгъэкIуар. ЩIэныгъэлI Барановский Б. зэритхамкIэ, Собесский Ян зэрихьар адыгэ фащэщ, зытесари адыгэшщ. Абы и закъуэкъым: я пащтыхьым щапхъэ трахауэ щытащ лыхь офицерхэми; Польшэм икIыурэ Тыркум кIуэ лIыкIуэхэми адыгэ фащэкIэ захуапэу щытащ. А псор щыхьэт тохъуэ шэрджэсхэм Польшэм пщIэшхуэ зэрыщаIам, абы и тхыдэм нобэр къыздэсым хэмыкIуэдэжа лъэужь къызэрыханам.

ЖЭМЫХЪУЭ Амжэд.
Иордание, Амман къалэ

P.S. Жанейхэр адыгэ лъэпкъышхуэхэм ящыщ зыуэ щытащ, ахэр Тэманрэ Iуззв (Азов) хым и Iуфэмрэ щыпсэуащ. Къырым хъанхэр зэуакIуэ къежьэмэ, удыныр япэ зытехуэр жанейхэрат. Ар яхуэмыхьыж щыхъум, Жанейм я пщышхуэ Сибокъуэ, нэгъуэщI адыгэпщ зыбжани щIыгъуу, 1555 гъэм Мэзкуу кIуауэ щытащ, урыс пащтыхьым дзэ щхьэкIэ елъэIун мурад ищIри. Иван ЕплIанэм дзэкIэ къигъэгугъащ адыгэхэр. Сибокъуэ и къуэр, Къундет, чыристан диным ирагъэхьэри, Александр къыфIащащ. А зэманым Украинэм и зэхуэдитIыр Польшэм и IэмыщIэ илът, Днепр и сэмэгурабгъу щIыналъэр зыIэщIэлъыр лыхь лIакъуэлIэш цIэрыIуэ Вишневецкий Дмитрийт. Вишневецкэм и дзэмрэ адыгэ шуудзэмрэ 1558 гъэм къырым хъанхэм зауэ иращIылIащ (Вишневецкэр урыс пащтыхьым гуэтт абы щыгъуэ), урысыдзэм хэту.

Урыс пащтыхьым и унафэкIэ, Вишневецкэр 1560 гъэм Жанейм къэкIуащ, абы щIыгъуащ Мэзкуу къыдэнауэ пащтыхьым къулыкъу хуэзыщIэ адыгэпщ зыбжанэ: Мэшыкъуэ и къуэ Иван, Сибокъуэ Василий сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр, дауи, кIахэ адыгэхэр къырым хъанхэм пэщIагъэувэнырт, ахэр Урысейм и лъэныкъуэ ящIынырт. Вишневецкэр илъэситIым нэблагъэкIэ щыIащ Шэрджэсым, абы щыIэурэ, Иван ЕплIанэм ущыгугъ зэрымыхъунур къыгурыIуэри, адыгэхэм яхэкIыжа нэужь, Польшэм игъэзэжащ, и щIыб урыс пащтыхьым хуигъэзэжри. Абы щыгъуэщ Польшэм и пащтыхь Сигизмунд II Август адыгэпщхэр щригъэблэгъар. Къырым хъанхэм зыщахъумэн папщIэ, Иван ЕплIанэр дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэмыхъунур къагурыIуащ адыгэпщхэм я нэхъыбэми. Уэркъ шухэр я гъусэу, Польшэм Iэпхъуауэ щытащ Къамбулэт и къуэ Къасым, абы и къуэш Гаврилэ, Сибокъуэ и къуэ Александр, абы и унэкъуэщ зыбжанэ. Лыхьхэм я дзэм хыхьэри, ахэр куэдрэ езэуащ урыс пащтыхьми, къырым хъанхэми, тыркухэми.

● Дэ къытхуатх

Щапхъэ зытрах егъэджакIуэ

Къаскъулхэ Владимиррэ СэIихьэтрэ япхъу Iэсият зэрысабийрэ егъэджакIуэ IэщIагъэм щIэхъуэпсырт. Нэхъуеиншэу, фIэгъэщIэгъуэну сыт хуэдэ предметри курыт школым щиджырт, атIэми псоми къахигъэщхьэхукIырт адыгэбзэмрэ литературэмрэ. А предметхэмкIэ егъэджакIуэ хъуну гурыIэ зыщIа Iэсият и хъуэпсапIэр зригъэхъулIащ, и чэзур къэсри.

IЭСИЯТ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Совхознэ жылэм къыщалъхуащ. ЩIалищым я еплIанэр пщащэ цIыкIуу къыщыщIэкIым адэ-анэр хуабжьу щыгуфIыкIахэщ. ЕхъулIэныгъэфIхэр иIэу 1985 гъэм курыт еджапIэр къиухри, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэт училищэм щIэтIысхьащ. 1988 гъэм Iэсият ари фIы дыдэу къиухри, щалъхуа къуажэм и курыт школым егъэджакIуэу щылэжьэну уващ. А илъэсми ар Къармэхьэблэ дэс Багъхэ я унагъуэ ихьащ. Мы зэманым Iэсият Къармэхьэблэ дэт курыт еджапIэ №3-м щыIэщ.

- ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр хуабжьу гъэщIэгъуэнщ, - и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ Iэсият. - Апхуэдэуи ар гугъущ. Куэдым яхузэфIэкIыркъым егъэджакIуэ хъуну. Абы щхьэкIэ ар уи лъым хэту укъалъхун хуейщ. Гугъуехь псори пщхьэщокIыж, щIэблэм щIэныгъэ куу бгъэдэлъу къэбгъэхъуа нэужь. Нэмыцэ усакIуэ Iэзэ Гёте зэрыжиIауэ, «щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур щIэнгъуазэ пэлъытэщ». НасыпкъэтIэ, щIэнгъуазэ пэлъытэу къэбгъэхъуа сабийр?

Iэсият нобэми гуапэу игум илъщ къуажэ курыт школым щезыгъэджахэр. Абы зэрыжиIэмкIэ, Совхознэм дэт курыт школым егъэджакIуэ лъэщхэр дапщэщи хуэщщ. Апхуэдэхэщ абы и япэ егъэджакIуэу щыта Къаскъул Еленэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджа Нэхущ Светланэ, класс унафэщIу иIа, физкультурэмкIи езыгъэджа Мэшыкъуэ МутIэлэмис. Абы и фIыгъэщ пщащэ цIыкIур еджэным къыдэкIуэу волейболми дихьэхауэ зэрыщытари, щытхъу тхылъхэри волейбол зэпеуэхэм мызэ-мытIэу къызэрыщратари. ЕджапIэм дэлъ лэжьыгъэ псори къызыхуэтыншэу къызэригъэпэщырт школ унафэщIу щыта Махуэ Борис.

Илъэс 30-м щIигъуауэ егъэджакIуэу лажьэ Iэсият езым и методикэфI, Iуэху зехьэкIэ пэрыт иIэжщ. Апхуэдэу абы и сабийхэм хьэрф зэгуэтхэр щаригъэджкIэ дэIэпыкъуэгъу лъэщ ещI усэ кIэщI цIыкIухэр. Ахэр гукIэ зэзыгъащIэ еджакIуэ цIыкIухэм нэхъ тыншу къащтэ щIэныгъэр. Куэдым щапхъэ зытрах Iэсият и нэIэм щIэт сабийхэр адрейхэм къахощ зыхэщIэгъуэу усэхэм, тхыгъэхэм къызэреджэмкIи.

- ЩIэблэр анэдэлъхубзэм пщIэ хуащIу къэгъэхъупхъэщ, - жеIэ егъэджакIуэм. - Си гъэсэнхэм а фIыгъуэр яIурылъщ. АдыгэбзэкIэ екIуэкI зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я утыкухэм къохьэ, ябгъэдэлъ щIэныгъэфIыр къагъэлъагъуэу. Сэ садолажьэ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ хасэм. Абы къызэригъэпэщ «Джэгурэш» зэпеуэм си еджакIуэ цIыкIухэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщахь.

КъимыдэкIэ, Iэсият иригъаджэхэр «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» джэгу-зэпеуэ лIэужьыгъуэми хэтщ. Апхуэдэу абыхэм язогъащIэ лъэпкъ шхыныгъуэхэм я пщэфIыкIэр.

Iэсият унагъуэ дахи и щIыбагъ къыдэтщ. Абырэ и щхьэгъусэ Русланрэ щIалищ зэдапIащ: Аслъэн, Адмир, Альберт сымэ. Ахэр псори спорт Iуэху щыхуеджащ КъБКъУ-м, IэщIагъэлI хъуауэ, щIэблэр узыншэу, къарууфIэу къэгъэхъуным толажьэ.

ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.

● Самбэ

Дыщэ медалымрэ зэIэпах кубокымрэ

Армэм и генерал Хрулёв А. и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Дзэ академием и курсантхэм я зэхьэзэхуэ самбэмкIэ екIуэкIащ. Абы дыщэ медалрэ зэIэпах кубокымрэ къыщихьащ ди лъахэгъу Гъазэ Ибрэхьим.

ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭ иIэу илъэс етIуанэ хъуауэ «ищхъэрэ къалащхьэм» щоджэ Налшык къыщалъхуа щIалэщIэр. Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтщ армэм и генерал Хрулёв А. и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Дзэ академием и жылагъуэ, спорт гъащIэми. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ иджыблагъэ самбэмкIэ абы щекIуэкIа зэхьэзэхуэри. Килограмм 75-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм Гъазэ Ибрэхьим къыщыпэхъун къахэкIакъым икIи хуэфащэ дыдэу текIуэныгъэр къыщихьащ.

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и чемпионат мыгувэу зэхэтынущ. Армэм и генерал Хрулёв А. и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Дзэ академием и цIэкIэ абы зыкъыщигъэлъэгъуэнущ тренер гъуэзэджэ Солдатов Виктор и гъэсэн Гъазэ Ибрэхьим. Апхуэдэ Iэмал ди лъахэгъум къыхукъуэкIащ я еджапIэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Щхьэ бжыгъэкIэ нэхъыбами...

● Футбол

«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (1:0). Прогресс. «Биолог» стадион. Мэлыжьыхьым и 3-м. ЦIыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Хромей (Воронеж), Головченкэ (Дон Iус Ростов), Гаджигусейнов (Мэхъэчкъалэ).

«Биолог-Новокубанск»: Суворов, Охрименкэ, Старков (Борисов, 27), Хибабэ, Каргин, Циберкин (Степанович, 90), Селеменев (Чувилов, 54), Салахетдинов, Малыш (Любченкэ, 90), Марченкэ, Лесников.

«Спартак-Налшык»: Антипов, КIэдыкIуей (Ольмезов, 75), Тебэрды, Шумахуэ, Мэкъуауэ, Джатэрывэ, Хьэшыр, Iэпщацэ, Жангуразов (Бахъсэнокъуэ, 62), ХъутIэ, Багъэтыр (Ашу, 64).

Топыр дигъэкIащ: Лесниковым, 43 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Охрименкэ, Селеменовым, Шумахуэм, Багъэтырым, Марченкэ, ХъутIэм, Салахетдиновым.

Джэгум къыхахуащ: Чувиловыр.

«СПАРТАК-Налшыкым» дэщIхэм, аргуэрыжьти, я гур хэщIащ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм епщыкIущанэ увыпIэм фIэкIа щызымыIыгъ Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-м ар къихигъэщIащ. Абы щыгъуэми я хьэрхуэрэгъухэр 73-нэ дакъикъэм къыщыщIэдзауэ зы цIыхукIэ нэхъ мащIэу щытащ, ди щIалэхэм ящыщ зым фэбжь зэрыридзам къыхэкIыу я гъуащхьэхъумэныкъуэ Чувиловыр джэгум къызэрыхахуам къыхэкIыу. Щхьэ бжыгъэкIэ зэрынэхъыбам налшыкдэсхэм я фейдэ къыхахыфакъым икIи, Iуэхур ягъэзэкIуэжыну зэман кIыхь яIа пэтми, зы очкэ нэхъ мыхъуми къахуегъэлакъым.

Псом хуэмыдэу гухэщIщ ди гъуащхьауэхэм уахэплъэну. Иужь джэгугъуитхум къриубыдэу абыхэм зы топ закъуэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIыфауэ арaщ. А Iуэхугъуэр къащехъулIари зэхьэзэхуэм кIэух дыдэ увыпIэхэм ящыщ зым щыщыт «ЕсэнтIыгур» къыщрагъэблэгъарaщ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, зыхуагъэувыжа къалэн мащIэри - командэ нэхъыфIитхум яхэту зэпеуэр яухыну - зэрахуэмыгъэзэщIэнур нэрылъагъуэщ. Зэхьэзэхуэр и кIэм нэблэгъэху дэтхэнэ зы очкуэм и уасэр нэхъ лъапIэж зэрыхъунуми шэч хэлъкъым.

«Спартак-Налшыкым» мыгъэрей зэпеуэр зэрынилъэфэсыным хущIэкъуми, Краснодар крайм и командитIыр лIэн-къэнэну бжыпэм иризоныкъуэкъу. Фызэрыщыгъуазэщи, япэ увыпIэр къэзыхьым и закъуэщ япэ дивизионым ягъэкIуэнур. Иужьу зэхэта джэгугъуэм «Кубань»-мрэ «Кубань-Холдинг»-мрэ я щытыкIэм зригъэхъуэжащ. Мэхъэчкъалэ пашэу кIуа краснодардэсхэм бжыгъэр къызэIуахами, «Легион-Динамо»-м пэщIэтыфакъым. Ар хьэрзынэу къагъэсэбэпащ я ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэхэм: хуабжьу гугъу дехьами, ди лъахэгъу ДыщэкI Аслъэн зи пашэ «Кубань-Холдинг»-м къыхуеблэгъа ставрополдэсхэр хигъэщIащ икIи зэхьэзэхуэм бжыпэр щиубыдыжащ.

ЯфIэкIуэда очко бжыгъэр къэплъытэмэ, япэ ищахэм къазэрыкIэрыху щыIэкъым Новороссийск и «Черноморец»-ри. Къэнэжа джэгугъуэ пщыкIуз-пщыкIутIым къагъэлъэгъуэнущ хэт и насып нэхъ къикIынуми.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - **3**:**2**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2**:**0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «Интер» (Черкесск) - **4**:**2**, «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**3**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - **2**:**1**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**1**, «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Кубань**» (Краснодар) - 2:1.

Мэлыжьыхьым и 10-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ Новороссийск и «Черноморец»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Кубань-Холдинг»	**21**	**16**	**3**	**2**	**42-15**	**51**
2. «Кубань»	21	16	1	4	53-18	49
3. «Черноморец»	20	13	4	3	29-11	43
4. «Легион Динамо»	21	11	9	1	40-13	42
5. СКА	21	13	1	7	47-23	40
6. «Анжи»	21	9	7	5	31-21	34
7. «Форте»	21	8	6	7	36-20	30
8. «Спартак-Налшык»	**21**	**8**	**6**	**7**	**27-21**	**30**
9. «Динамо-Ставрополь»	20	8	3	9	29-28	27
10. «Мэхъэчкъалэ»	21	7	6	8	27-27	27
11. «Мэшыкъуэ-КМВ»	20	7	4	9	28-32	25
12. «Биолог-Новокубанск»	20	6	3	11	32-38	21
13. «Краснодар-3»	20	6	3	11	25-38	21
14. «Дружба»	21	5	4	12	20-49	19
15. «Интер»	21	3	4	14	18-56	13
16. «ЕсэнтIыгу»	20	3	3	14	19-47	12
17. «ТIуапсы»	**20**	**2**	**1**	**17**	**25-68**	**7**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ**, *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.912 ● Заказ №730